

Gérard Marie TARDIEU
Manm Akademi Kreyòl Ayisyen

avèk kolaborasyon

Maxeau Edouard

Claire-Marie Lalanne

GRAMÈ KREYÒL

fòm literè

zouti pou ekri bèl tèks

pou pale devan piblik

7èm, 8èm, 9èm AF

Nouvo Segondè

Tout lòt moun ki ap sèvi ak lang natif natal la

Kopivit-Laksyon Sosyal

Gérard-Marie Tardieu

Kouvèti : Identity

Mizanpaj : Magdala Massé / Immacula Jean Baptiste
ak kolaborasyon M.Y Deshauteur
ak Betsy Stella J. Jules

Vèsyon korije: Jen 2017

© Kopivit-Laksyon Sosyal

102, Lafè Dichèn
Pòtoprens Ayiti
Tel.: 2940-1010 /1011
Depo Legal Bibliyotèk Nasyonal

ISBN : 978-99935-99-99-9

ENTWODIKSYON

Paske gramè (nan sans grèk li tankou nan sans laten li) vle di teknik pou byen pale epi pou byen ekri yon lang, nou deside mete 2 gran divizyon nan gramè kreyòl sila a.

Nan premyè pati gramè a nou pale sou orijin kreyòl la, sou alfabè ak son, sou espès mo, sou wòl mo yo nan yon fraz eksetera... Epi nou ta renmen ensiste pou di kreyòl la granmoun tèt li. Sa vle di gramè kreyòl la pa rete ak gramè franse a menmsi li al prete vokabilè nan lang franse. Pa gen lang ki pa prete mo nan yon lòt. Lemonn se yon ti lakou pou sa. Men nou pa dwe kite gramè franse a detenn sou gramè kreyòl la.

Nan dezyèm pati gramè a nou pale sou anpil teknik (teknik ansyen kouwè teknik modèn) ki pou ede nou byen pale epi byen ekri nan lang kreyòl la. Nou pale depi sou kouman pou ekri yon lèt, kouman pou fè yon narasyon, yon fab, yon deskripsyon, yon disètasyon, jis nou rive nan entènèt, imel eksetera. Nou gen pase ven fich teknik.

Nou espere gramè sa a ap sèvi ou pou konprann pi byen kreyòl la nan etid ou; nou itilize anpil tablo ouben chema ki pèmèt ou reflechi piplis avèk pi bon rezilta. Men nou espere tou gramè sa a ap sèvi ou lontan ankò nan nouvo segondè, nan lavi ou pou plizyè ane apre lekòl.

Anfen nou fè yon gwo efò pou debleye epi pou chache konprann règ gramè kreyòl la. Men gen travay ki pou fèt toujou. Depi Desanm 2014 Akademi Kreyòl la enstale. Se 33 manm avi. Mwen swete Akademi a pral travay anvan lontan pou debleye, inifòmize, regle kèk pwoblèm. Konsa anpil moun va pi alèz pou ekri ak pale lang natif natal nou an. Apati N° 6 gramè a, n ap jwenn premye rezolisyon Akademi Kreyòl Ayisyen an sou otograf kreyòl la.

*Pòtoprens, Jiyè 2015
Gérard-Marie Tardieu
Manm Akademi Kreyòl Ayisyen*

PREMYÈ PATI

Règ Gramè yo

CHAPIT 1

Fondman kreyòl la

- *Kreyòl pale # 1*
- *Kreyòl se libète # 2*
- *Kreyòl se lang vivan # 3*
- *Evolisyon kreyòl # 4*
- *Orijin kreyòl # 5*
- *Rezolisyon AKA # 6*
- *Kijan nou ekri kreyòl # 7 rive # 28*

1- Kreyòl pale, kreyòl konprann

Kreyòl se youn nan 6703 lang kretyen vivan itilize pou yo kominike antre yo nan lemond antye.

Menmsi gen kèk diferans nan pale kreyòl la, nou jwenn lang nou an nan Sechèl, Dominik, Giyan, Reyinyon, Moris, Sentlisi, Matinik, Gwadeloup, Wodrig epi nan dyaspora Nouyòk, Miyami, Monreyal elatriye. Kanta Ayiti gen plis pase 10 milyon moun ki sèvi ak zouti sa a.

Kidonk gen plis pase 16 milyon moun ki pale kreyòl sou latè, kreyòl lakay la ak kreyòl ki pwòch li.

Sechèl 81.000 moun, Dominik 69.029 moun; Giyan 765.283 moun; Reyinyon 776.948 moun; Moris 1.230.602 moun; Sentlisi 166.312 moun; Matinik, Gwadeloup ak Wodrig anviwon 1.500.000 moun; Ayiti 9 milyon moun; plis dyaspora ayisyen an 1 milyon moun depase.

2- Kreyòl se libète

Franse se yon bèl lang, espayòl se yon bèl lang : se sa yo abitye di.

Antouka, se sèten kreyòl la se yon bèl lang tou.

Se nan lang kreyòl pifò bèl chante ak pi bèl klip videyo nou yo ye. Se nan lang kreyòl pifò moun ap lapriyè, pale ak Bondye nan legliz yo. Se nan lang kreyòl pifò radyo ak televizyon nou yo ap kominike avèk nou. Se nan lang kreyòl jounen jodi a pifò fim sinema ayisyen yo ye, ak pifò pyès teyat yo.

Se nan lang kreyòl pifò Ayisyen nan dyaspora santi yo oblije pale lè yo gen nostalji peyi Ayiti.

Kreyòl la gen yon dinamik krete mo ki pa piti. Li gen yon fòs konparezon se pa pale. Li fòl ak kont : kont pale, kont chante, kont devinèt. Kanta pou pwovèb l ap charye pase mil pwovèb ki se sajès popilè. Li gen gramè pa li epi li gen pouvwa al prete mo nan lòt lang pou li ranje yo fason pa li, jan li pipito.

Gen moun ki pa reflechi epi ki di kreyòl la lèd lè li di *diri, diven, lalin, Jezi, kilt*. Moun sa yo genlè bliye nan lang yo renmen, ki se franse a, yo di Aline, Céline, Delphine, badine, babine, machine, praline, racine, vaseline. Alò poukisa kreyòl la pa gen dwa di lalin? epi diven, diri, sik, Jezi, kilti, alòske franse a di: divin, diriger, cyclone, cigarette? Kote pwoblèm nan ye? Gen moun ki renmen bèl lang espayòl la epi ki pa gen pwoblèm avèk li lè yo pwononse *èl eskoultismo (escultismo) èl estoudiar (estudiar), la estasyon (estacion), la estreya (la estrella)*. Men, menm moun sa yo gen pwoblèm lè kreyòl la di **estasyon** an, **eskout** la, **espesyal**, **estati**. Epi nan franse a yo di **estomac**, **escalier**, **espoir**, **espace**. Pouki se kreyòl ki pou gen vye pwononsyasyon an lè pou li di "es"?

Eske se paske li pa kopye franse a nètalkole nan sèten mo?

Kreyòl la yo ta renmen di ki sirèt la se pa vre. Se nan tèt pa yo pwoblèm nan ye. Se yon prejije ki ta renmen kreyòl la rete ak franse a, menmjan nèg te rete ak kolon. Menmjan Ayisyen lib, kreyòl la lib tou.

3- Kreyòl se yon lang vivan

- se yon lang dinamik
- se yon lang ki sèvi ak anpil imaj
- se yon lang ki itilize yon ekriti sistematik pwòch alfabè fonetik entènasyonal la
- se yon lang rich
- se yon lang ki kouwè tout lang gen posibilite nètalkole pou pale nan tout domèn depi li devan reyalyte a.

4- Orijin kreyòl la

Kote kreyòl la soti?

Nou deja konnen kreyòl la gen 80-85% mo vokabilè ki soti nan lang franse. Menmsi franse a limenm te ale prete yo nan lòt lang. (wè n° 42 rive n° 65).

Men gramè kreyòl la soti nan Lafrik. Dapre etid ki pi resan ki soti septanm 2001 anba plim Ayisyen Jean Targète, (1) gramè kreyòl la soti nan 3 lang prensipal ki nan menm fanmi branch KWA a. Twa lang sa yo, se Eve, se Fon, se Yowouba. Nan tablo pi ba a nou ka wè nan ki peyi yo te pale lang sa yo. Esklav Sendomeng yo te vini ak lang sa yo, ki nan kole ak vokabilè franse epi lòt mo vokabilè, vin bay kreyòl la.

| 3 lang branch kwa | Benen (Dahome) | Gana | Nijerya | Togo |
|----------------------|-------------------|------|---------|------|
| EVE | wi | wi | non | wi |
| FON | wi | non | non | non |
| YOWOUBA | wi | non | wi | wi |

(1) Langue créole universelle, Ed. du 21ème siècle, Port-au-Prince, sept. 2001

5- Istwa evolisyon lang kreyòl dapre kèk tèks

Dapre kèk ansyen tèks kreyòl nou rive jwenn nou kapab obsève kijan lang nou an evolye ane apre ane.

Lisette (1750)

Divivye de la Mawotyè / (Mon Perdi bonheur a moue)

- 1 Lisette quitté la plaine
mon perdi bonheu à moué;
Gié à moin semblé fontaine,
Dipi mon pas miré toué.
Le jou quand mon coupé canne
Mon fongé zamour a moué
La nuit quand mon dans cabane
dans dormi mon quimbé toué.
- 2 Si to allé à la ville,
Ta trouvé geine Candio
qui gagné pou tromper fille
Bouche doux passé sirop
Ta va créer yo pa bien sincère;
Pendant quior yo coquin tro;
C'est Serpent qui contrefaire
Crié Rat, pour tromper yo.
- 3 Dipi moin perdi Lisette,
Mon pas souchié Calinda
Mon quitté Bram-bram sonnette.
Mon pas batte bamboula
Quand mon contré laut négresse,
Mon pas gagné gié pou li;
Mon pas souché travail pièce
Tout qui chose a moin mourri.

4 Mon maigre tant com'gnon souche
Jambe à moin tant comme roseau;
Mangé na pas doux dans bouche,
Tafia même c'est comme do
Quand mon songé toué Lisette
Dyo toujours dans jilé moin
Magner moin vini top bête
A force chagrin magné moin

5 Lisette, moin tandé nouvelle,
To compté bientôt tourné
Vini donc toujours fidelle
Miré bon pasé tandé
N'a pas tardé davantage
to fair moin assez chagrin
Mon tant com'zozo dans cage
Quand yo fair li mouri faim.

BON DIÉ QUI FAIT SOLEIL (1791)

*Diskou Boukman te fè lan sèman Bwa-Kayiman,
ki te pase jou ki 14 la, lan mwa daou 1791.*

*Yo di se Era Dimèl (Hérard Dumesle) ki mete l
sou fòm yon pwezi.*

Bon Dié qui fait soleil, qui clairé nous en haut,
qui soulevé la mer, qui fait grondé l'orage
Bon Dié la, zot tendé? Caché dans yon nuage
Est là li gadé nous, li ouai tout ça blancs faits!
Bon Dié blancs mandé crime, et part nous vlé bienfèts;
Mais Dié la qui si bon ordonnin nous vengeance;
Li va condui bras nous, li ba nous assistance
Jetté portrait dié blancs qui soif dlo dans gié nous
Couté la liberté li parlé cœur nous tous.

PROCLAMATION

AU NOM DE LA REPUBLIQUE (5 mai 1793)

**NOUS ETIENNE POLVEREL ET LEGER –
FELICITE SONTONAX,**

Commission civile de la République, que Nation Française
voye dans pays-ci pour mette l'ordre et tranquillité tout-par-tout

[...] Nous ordonnée cila la va tout de suite rangée en langage
créole, pour toutes nègres io comprendre ça qui la dans; que li
imprimée, publiée et affichée tout-par-tout; qui io enregistré li à
la Commission intermédiaire, aux deux conseils supérieurs, dans
toutes tribunaux et dans toutes Municipalités de la Colonie, dans
le langage français et dans le langage créole.

Nou vle dans chaque bitation io gagné deux copies Proclama-
tion cila la, yone en français et l'autre en Créole, et que Colone la
placé io coté outi toute monde capable voir io bien.

Toutes zabitans, procureurs ou colone-gérants io va obligé tous
les lundi bon matin, avant nègres a io allés dans travail, semblé
io toutes douvant porte grand-café à io, et quand io toute va sem-
blés, maitre la ou bien colone la, va lire Proclamation cila la dans
langage créole, pour toutes nègres tendé; et maitre la qui manqué,
li va payé cinq cents piastres lamende; si c'est procureur et colone-
gérant la io qui manqué; io va oté commandement bitation la dans
main io, et io pas lè jamais capables gagnés l'autre dans pays-ci.

Nous ordonné Gouverneur Général la tienbé la main pour
Proclamation cila la ben exécutée tout-par-tout.

Fait à Port-au-Prince, le 5 mai 1793, Premier l'année Répu-
blique Française.

QUAND MON CHER ZANMI MOIN VA RIVE (1800)

Quand cher Zanmi moin va rivé
Mon va fair li tout plein caresse
Ah! plaisir là nous va goûté;
C'est plaisir qui douré sans cesse
Mais toujours tard (bis)
Hélas! Hélas!
Cher Zanmi moin pas vlé rivé (bis)

Tan pi Zouézo n'a pas chanté
Pendant quior à moin dans la peine,
Mais gnon fois Zanmi moin rivé
chantez, chantez tant comme syrène.
mais, mais, paix bouche! (bis)
Hélas! Hélas!
Cher Zanmi moin pas hélé moin (bis)

Si zami moin pas vlé rivé
Bientôt mon va mouri tristesse
Ah! cœur à li pas doué blié
Lisa là li hélé maitresse.
Mais qui nouvelle?
Hélas! Hélas!
Cher zami moin pas cor rivé!

Comment vous quitté moin comme ça!
Songé zami! n'a point tant comme moin
Femme qui jolie!
Si comme moin gagné tout plein talents qui doux.
Si la vous va prend li; pa lé bon pour vous,
Vou sva regretté moin toujours.

(Nan: Jean Price Mars, Ainsi parla l'oncle)

PAPA NOU KI NAN SYÈL (1861)

Papa-nou, qui n'en ciel; nou'mandé ou fait nom ou sanctifié; fait
règne ou vini, fait la volonte ou fait n'en terre comme n'en ciel.
Ba nou jourdi la nourriture qui va suffit nou pour la journée; par-
donné nou péché nou, comme nou pardonné ça qui péché conte
nou, pas quitté nou tombé nen tentation mais ouété nou nan main
Satan. Amen.

James Redpath

CONMÈ LA CIGAL AC SÒ FRONMI (1901)

Chanté, faut couè cé bagay qui
Doux nan la-vi:
Moin connin moun' ça déjà fait
Blié mangé.
Atò, cé ça mainm qui rivé
Connè la-Cigal, mois passé:
Connè té sans mangé, sans bouè,
Dépi dé jou;
sou dènié souè-là, gnou grangou
Mété di fé nan cò Connè.
Ouây"! Li couri cāy' Sò Fronmi.
Gnou vouésin' li;
Frappé: Còh! Còouh! – "Qui moun' qui là?"
– "Cé moin, vouésin'! Agué! Connè,
"M apé mouri grangou! Ou pas
"Gangnin moceau mangé, – feill, flè,
"Ça li yé, – ban moin?... T'en pri, chè!
"Lò maché-sanm' di va vini,
"M'a rann ou li."
Fronmi, cé gnou bon canmarad:
Li pas pé janmain réfisé
Bouè avec ou, ri, bamboché,
Fait la-prom'nad;
Main, quant-à-pou longé lan-main,
Cé gnou systèm li pas rainmain.
Sans louvri pott li, li dit: "Chè,
"Comment ou fait comptt ou, non, pou
"A lhè ça-là, ou nan grangou?"
– "Comment moin fait?
"M'a pé chanté dépi dé jou
"Pou amatè, en rhaut Bèlè
– "Fi! don, ma fill!
"To pas rhontt vini dit moin ça?"

“Tounain côté to soti là
“Dansé calin ‘da!”
« Danse kalinda! »

Vouésin millò passé fanmill”!
Cé con ça moun’ longtemps té dit;
Main, temps passé pas temps jodi:
A lhè qui lé, – pas palé ça! –
Toutt coucouil’ cléré pou gé yo.
Moin pas méprisé sièk’ ça-là:
Main, dit-moin quil-ess’ ou pito?

Georges Sylvain

UNE BONNE FEMME DE LA TROUPE (1905)

Une bonne femme de la troupe, au chef branlant et aux pas hésitants, dit à son bienfaiteur :

- Pitite moin, bon Dieu bon; bon Dieu va protéger ou; bon Dieu va fait you pas pou ou apré passage ou soti passé là.

Mou fait you rêve pou ou lan nuite-là : cé papa ou mimb moin ouè, cancou moin ouè ou. Li prié moin vini palé ou. Pitite moin, couté ça ma pé dit ou : ça ou pas connin grand passé ou.

Oua fait l’aumône; oua vo-yé you ti café douvant jou, devant Cathédrale, devant Sainte-Anne, devant Saint-Joseph : oua fait you manger prisonnier, you ti manger-lé-zâmes : oua baille limin pou ou ti limiè douvant La Croix, en pi oua fait chanter you ti messe actions dé grâces ... Ou tendez ça moin dit ou?

- Oui, manman.
- Ou tendez ça mouin dit ou?
- Oui, manman.
- Ou tendez ça moin dit ou?
- Oui, manman.
- Eh ben, cé bien, pitit mouin ...
- Ça coûte si peu, moin va fait tout ça ou dit moin...

- Est-ce que ou connin Oraison Saint-Bathole, pitite moin?
- Non, manman ...
- Eh bien, pitite moin, coutez; prend you plime pou coucher li sou papier ... Oraison ci là là, nan point oraison couli. Li gaingnin vêtu nett, ou va apprendd li...

Justin Lhérisson, La Famille des Pitite-Caille

Souvenir d’Haïti (1922)

Haïti chérie, pi bon pays passé ou lan poin.
Foc moin té quité ou pou moin té cap comprenn’ valè’ ou,
Foc moin té manqué’ ou poum té cap apprécié’ ou,
Poum senti vraiment tout ça ou té yé pou moin.
Gangn’ bon soleil, bon riviè et bon breuvage,
En bas pié bois ou toujou join’n bon lombrage,
Gangn’ bon ti vent qui ban nou bon ti fraîche
Haïti Thomas, cé gnou pays qui m’est chè.

Lor ou lan pays blan ou gangne youn vié frète qui pas jam bon.
Et toute la jounin ou obligé pé boulé charbon.
Ou pas cap ouè clai autant ciel là rét en deuil
Et pendant six mois toutes pié bois pas gangne feuille.
Lan pays moin, gangne soleil pou bail chalè
Durant l’année, toutes pié bois pé bay lombrage,
Bon brise de mer toujou soufflé sur nos plages.
Haïti Thomas, cé gnou pays qui m’est chè.

Quand ou lan pays blanc ou ouè toute figu gnou seul coulè.
Lan point mulatresse, bel marabou, bel griffone créole
Qui rinmin bel robe, bon opude et bon odè,
Ni bel jeune négresse qui con’n dit bon ti parole.
Lan pays moin, lor toute bel moune ça la yo
Sorti lan messe ou sorti lan cinéma,
Cé pou gardé, cé pou rété diol lolo,
A la bon pays cé ti d’Haïti Thomas!

Lor ou lan pays blanc, ou pas ouè mango ni coque du tout.
Lan point sapoti, n i bel caïmite vète ou violette.
Lan point zannanna, n i bel ti pomme cajou
Qui ban nou bon noix pou nou fait bon ti tablette.
Ou join'n zorange qui soti en Italie,
Main qui finnin qui toujou moitié pourie.
En Haïti ça si bon cé coupé douète;
Et sous ce rapport, nou bail toute l'aute pays fouète.

Lor ou lan pays moin, coté ou passé tout long chemin,
Cé bonjou compè et macommè et pitite la yo?
Ca'n pas ouè conça, mangnè rantré ti brin,
Pou'n boit ti quichoye, pou nous joué deux ti coute zo.
Fi'n bail lan main, cé rentré lan gran parlé,
Cé politique, cé mauvaise situation,
Ça pou nous fait cé pou nous prend li cou'l yé,
Mais bon Dié si bon, l'a ban nou bénédiction.

Lor ou lan pays blanc, si ou pré prominnin, nuite cou jou,
Toute moun pé maché pressé pressé oua di cé chin fou.
Coté yo pralé, pou qui yap couri conça?
Yo perdi temps, yo pas jam dit: couman ça?
Lan pays moin, moun pas resté avec l'heu
Gangne liberté, ou gangné temps pou prend fraicheu
Coté ou passé, cé bonjou, cé bail lan main.
Moun pas jam pressé, yo causé tout long chemin.

Lor ou en Haïti, ou pas jam manqué temps pou soufflé.
Ça'q pas faite jodi, ou cap fait li demin si ou vlé
Qand demin rivé, qu'il bon ou qu'il pas bon,
Ça pas fait engnin toute moun con'n dit bon Dié bon.
En Haïti, moun pas jam desespéré.
Moun gangne la foi lan gnou Bié qui pas jam menti.
N'ap fait jodi quand demin pas assuré,
A la bon pays, oh mon Dié, cé Haïtil...

CHAT AK GRAN GOZYE (1927)

M pa konnen pouki, yon jou, Gran Gozye al wè Chat.
Chat envite l manje ak li.

Mange a te jis; Chat se yon bèt ki chich anpil. Se te yon dlo viv,
san anyen ladan. E sa ki pi rès, chat sèvi bouyon an nan yon asyèt
plat, pou anpeche kamarad la manje. Sèl resous Gran Gozye, ak
gran bèk long li a, se rete gade Chat ki pran plezi l nan asyèt la.

Li vekse, men li pa kite sa parèt.

Li tounen lakay li, byen grangou.

Li kite pase kèk jou, epi li envite Chat dejene ak li. Chat reponn:

- M byen kontan. Ou bon zanmi m; m a vini san seremoni.

Ju jou a, Chat file dan li, li niche tout kò li. Li rive byen banda
kay Gran Gozye.

Depi nan kwen lari a, li kòmanse pran sant vyann lan. Kè
li kontan, li fè tout moun konpliman, li di Gran Gozye kòman li
genyen bon kwizinyè.

Lè pou mete a tab, Gran Gozye rache tout vyann lan, ti mòso, ti
mòso, li mete l nan de ti danmijann granbouch, youn pou li, youn
pou Chat.

Pandan la p manje byen rapid ak bèk long li an nan danmijann
lan, li di Chat :

- Kòman, konpè, ou pa manje? M pa rekonnèt ou, jodi a.

Chat, ki pa genyen bèk, pa kapab pike yon sèl mòso vyann nan
fon danmijann lan.

Li oblije tounen lakay li, vant vid, tèt bese, ke l anba vant li; li
wont kòm si yon rat te sòti jwe nan bab li.

Ti fab sa a, se pou moun ki kwè yo kapab twonpe lòt moun tout
tan. Yon jou rive, yo kontre yon nèg mèt ki pi fò pase yo.

Doret Frédéric : Initiation aux Fables de La Fontaine

SIZÈ SONNEN ... (1933)

Sizè sonnen! Zwezo ape chante lan kwen.
Lè la li plen, li plen odè mant ak vèvèn
Yon van fre, dous kòm suk, ape soufle lan plèn
Vini, Tida, vini, zye ou se solèy mwen!

Pou mwen beche tè la san fatig e avèk swen
Tankou yon bèf fò mwen genyen dife lan venn.
vini, nègès, ak tout dan blanch e tout degèn
E zòt va wè bèl plantasyon m jisk o lwen!

Men ou pa vle vini. Ou fèmen kò lan kay!
Oum! Sa li ye, konmè? Sa ki genyen atò?
tout bon ou kite mwen pou yon lòt nonm, chè sò?,
A la yon penn pou mwen ki konnen sa ou bay!
Mezanmi, m prale fouye lan tè de twou
Yonn pou kache doulè, lòt pou kache amour!

Duraciné Vaval

Catéchisme créole (1948)

L'eu nou récite « Notre Père », main ça nous dit :
Papa-nou qui n'en ciel. Nou vlé yo respecté nom ou.
Nou vlé règne-ou rivé.
Nou vlé yo fait volonté-ou su la tè même gen ça faite n'en ciel.
Fait nou join' chaque jou pain nou besoin pou nou vive.
Padonnin péché-nou même gen nou padonnin mouné qui fait
nou di tort. Pas quitté-nou tombé nan aucune tentation. Main
délivré nou ac le mal.

Ainsi soit-il.

Le Centre Catholique, Les Cayes, 1948

APARISYON (1954)

Notre-Dame du Paradis
Desann lanbouchur zabriko.
Kir, rèl ... O sen aprè-midi!...
Klòch rezonnen jus lan Doco,
Nouvèl gaye. Monseyè a di :
« An ba l tout pè se Kaliko. »
Kouman ou vle, kèl sakrilèj
Pou nèg gwo zòtèy ta wè la Vyèj!...

Emile Roumer : Optique, n° 1, mars 1954

VIRE TOUNEN (1975)

Branch bwa makònen lan fon yon vye lakou. Wòch ak grenn sab
mare venn latè.

Trip plòtonnen. Doulè mòde antray.
Rita redi travay tout jounen san manje.
Vire tounen lan kay la, Jedeyon pran joure.

Lan mitan lannwit, you kokennchenn anmwè kreve zòrèy nou,
djage sèvèl nou. San nou tresayi. Vant nou bouyi. Cheve lan tèt
nou drese. Nou kouri leve kanpe.

Dezafi, 1975 - Franck Etienne

PRIYÈ POU AYITI (2004)

Bondye n ape priye, priye pou Ayiti

Bondye n ape priye pou Ayiti
Voye je sou yon pèp k ape soufri
Nou konnen ou gen pwisans
Pou wete n nan soufrans
Ba nou linyon pou n jwenn la délivrans

Papa Bondye, Gran Mèt la ki nan syèl
Proteje Ayiti, tande priyè l
Kouvri pèyi n avèk benediksyon
Fè nou sonje nou se yon sèl nasyon
Metè dousè lanmou nan fon kè nou
Pou nou viv ak tèt ansanm toulejou
Nou va sonnen lanbi rasanbleman
Na leve tèt tankou nan tan lontan

Senyè se oumenm sèl ki konn malè n
Se ou sèl ki kapab geri doulè n
Nan ou nou gen konfyans
Pou bay peyi n yon chans
Pou retrouve chemen lendepandans.

Papa Bondye, Gran Mèt la ki nan syèl
Proteje Ayiti, tande priyè l
Kouvri peyi n avèk benediksyon
Fè nou sonje nou se yon sèl nasyon
Metè dousè lanmou nan fon kè nou
Pou nou viv ak tèt ansanm toulejou
Nou va sonnen lanbi rasanbleman
Na leve tèt tankou nan tan lontan wi
Na leve tèt tankou nan tan lontan

Raoul Guillaume

6- Premye reyalyasyon Akademi Kreyòl sou òtograf lang kreyòl ayisyen.

Akademi Kreyòl Ayisyen antreprann etid ak analiz sistèm òtograf 1979-1980 k ap aplike nan peyi a. Apre divès konsiltasyon ak diskisyon, Akademi an nan tèt kole ak Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl ak kolaborasyon Fakiltè Lengwistik Aplike pran nouvo dispozisyon sa yo: 8 dispozisyon.

7- Dispozisyon # 1 : Alfabè kreyòl la

Akademi an rekondui alfabè 1979 la ki rekonèt lang kreyòl ayisyen an genyen trannde (32) son (syans lengwistik rele son yo « fonèm »). Alfabè a reprezante son sa yo avèk 32 senbòl kote chak senbòl reprezante yon fonèm (syans lengwistik rele senbòl sa yo « grafèm »). Pami 32 grafèm sa yo, genyen ki fèt ak yon (1) grenn lèt oubyen yon (1) graf, genyen ki fèt ak de (2) lèt (lengwis yo rele grafèm sa yo « digraf ») epi gen youn ki fèt ak twa (3) lèt (lengwis yo rele li « trigraf »).

Men grafèm ki reprezante son yo :

a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z.

Trannde (32) grafèm yo divize an 3 kategori: vwayèl, konsòn, demi vwayèl

7.1. Kategori vwayèl :

7.1.1. Vwayèl oral (son sa yo sòti nan bouch sèlman)

| | |
|----|-------------------------------------|
| a | ale, naje, matla |
| e: | elèv, plezi, melanje |
| è | èd, malèt, oslè |
| i | imite, limit, peyi |
| o | ochan, solèy, rido |
| ò | ògàn, pòt, gadò |
| ou | ouvriye, goud, kalalou |
| ui | (Vwayèl espesyal) uit, kuit, pwodui |

7.1.2. Vwayèl nazal (son sa yo pase nan bouch ak nan nen)

| | |
|-----|---------------------------------|
| an | anvayi, manje, ban |
| en | enfimyè, pentad, lapen |
| on | onz, ponp, pantalon |
| oun | oungan, mazounbèl, kanndjanhoun |

7.1.3. Kategori demi vwayèl/demi konsòn :

| | |
|---|--------------------|
| w | wa, wowoli, kaw |
| y | yanm, ayewopò, kay |

7.2. Kategori konsòn :

7.2.1. Konsòn oral:

| | |
|-----|------------------------------|
| b : | bak, anbake, kapab |
| ch: | chat, rache, wòch |
| d : | dodin, radote, pèd |
| f : | fèmen, lafanmi, chèf |
| g : | gato, ragou, bag |
| h : | hap, hihan, enhen |
| j : | jako, aji, garaj |
| k : | kaye, rekòlte, kòk |
| l : | limyè, aliyen, pil |
| p : | pale, rapòte, tap |
| r : | rakonte, arete, sèr (nan Nò) |
| s : | sak, resi, rès |
| t : | tas, retay, dèt |
| v : | valiz, revòlte, rèv |
| z : | zanmi, razwa, wòz |

7.2.2. Konsòn nazal:

| | |
|----|-------------------------|
| m | matla, remèd, lam |
| n | nap, analiz, pàn |
| ng | ling, touhing, hinghang |

8- Dispozisyon #2 : Fòm long ak fòm kout

8.1. Gen mo nan lang nan ki gen 2 fòm, yo ka parèt swa sou yon fòm long, swa sou yon fòm kout.

Egzanp:

- Nan pwonon ak detèminan:

- (1) (**Mwen** ak **M**) : **mwen** vini / **m** vini.
- (2) (**Ou** ak **W**) : **ou** annik monte eskalye a / **w** annik monte eskalye a.
- (3) (**Li** ak **L**) : **li** antre / **l** antre.
- (4) (**Nou** ak **N**) : **nou** ap travay / **N** ap travay.
- (5) (**Yo** ak **Y**) : **yo** ap travay di / **y** ap travay di.
- (6) (**Ki** ak **K**) : moun **ki** ap pale a / moun **k** ap pale.

- Nan kèk vèb :

- (7) (**Konnen** ak **Konn**) : li **konnen** leson an / li **konn** leson an.
- (8) (**Vini** ak **Vin**) : li **vini** ak tout founiti / li **vin** ak tout founiti.
- (9) (**Ale** ak **al**) : (li **ale** Jakmèl / li **al** Jakmèl)
- (10) Gen lòt vèb ankò tankou: genyen, gade, soti, eksetera.

8.2. Mo « w » (fòm kout) toujou mande pou li gen yon vwayèl nan vwazinaj li (swa devan, swa dèyè), kit se nan kòmansman yon bout fraz, kit se nan mitan 2 mo. Depi kondisyon sa yo pa reyini, se fòm long nan « ou » ki sèvi.

Egzanp :

- (11) Chemiz ou pran an.
- (12) Ou manje manje a.
- (13) Pitit ou fè dèt sou tèt ou.

8.3. Gen kote « w » pa kapab ranplase « ou » paske yo pa remèt menm sans, yo p ap jwe menm fonksyon.

Egzanp :

- (14) Se pa w (ki vle di : se pou ou).
- (15) Se pa ou (ki vle di : se pa ou menm).

9- Dispozisyon #3: Apostwòf - tirè

9.1. Apostwòf:

Li pa nesèsè pou nou sèvi ni ak apostwòf ni ak tirè pou nou kole yon mo ak yon lòt mo.

Lè mo tankou « mwen, ou, li, nou, yo » parèt sou fòm kout (m, w, l, n, y), nou pa dwe kole yo ni ak mo ki vini anvan yo a, ni ak mo ki vini apre yo a. Annik kite yon espas pou nou separe yo ak lòt mo.

Egzanp :

- (16) M ap vini.
- (17) N ap dòmi.
- (18) Y ap pran l.
- (19) Se rad pa m
- (20) Al pran liv pa w.
- (21) Anita frape pye l.
- (22) Bra n pran nan moulen.

N.B. Se menm konsiderasyon an pou tout fòm kout ki nan sitiyasyon sa a.

9.2. Tirè :

Nou kapab sèvi ak tirè pou nou separe yon mo nan finisman yon liy, epi lè n ap separe pawòl diferan pèsonaj nan yon dyalòg. Nou kapab itilize li pou nou make yon dire, yon entèval oubyen pou nou òdone yon lis.

Egzanp:

- (23) 9è – 10è ;

- (24) 2010 – 2015 ;
- (25) paj 22 – 26.
- (26) 1-a, 1-an, 1-b, eksetera

10- Dispozisyon #4 : Òtograf non moun

Non moun yo fèt pou yo ekri yo jan yo ye nan dokiman legal ak dokiman administratif yo. Pou fasilite pwononsyasyon non yo, y ap ekri yo ant parantèz, nan òtograf kreyòl la.

- (27) Paul Magloire (Pòl Maglwa) se yon ansyen prezidan Ayiti.

11- Dispozisyon #5 : Non pwòp vil yo ak non ri yo

Yo dwe ekri non vil ayisyen yo nan 2 lang ofisyèl peyi a (kreyòl ak franse), annatandan yon amenajman lengwistik. Si non vil, non lokalite ak non ri yo poko egziste an kreyòl, n ap ekri yo nan òtograf orijinal yo epi nou mete òtograf kreyòl la ant parantèz.

Egzanp :

- (28) Avni John Brown (Djonn Brawonn)

12- Dispozisyon #6: Jan pou nou itilize grafèm “r” oubyen “w”

12.1. Devan vwayèl won

Devan vwayèl won (o, ò, on, ou) nan yon mo, se « w » pou nou itilize, « r » pa parèt.

Egzanp :

- (29) Wobè, wobo, wòch, wòwòt, pewon, wont, wout.

12.2. “r” ak “w”

“r” ak “w” pa janm mache kole nan yon mo.

13- Dispozisyon #7: Aksan

13.1. Aksan grav

Sistèm òtograf kreyòl ayisyen an sèvi ak yon sèl aksan, aksan grav. Yo konn rele li aksan fòs. Aksan grav la gen 2 fonksyon :

i) Li sèvi pou li fè diferans ant 2 grafèm : e ak è ; o ak ò

Egzanp:

(30) « e » epi « è » : ou pe bouch ou, ou pè pale;

(31) « o » epi « ò » : Wozita achte yon lo mango, Anya achte yon chenn lò

ii) Li anpeche yo konfonn grafèm “a” devan “n” ak grafèm “an”. Sa vle di li anpeche nou pwononse “an” [ã] nan plas “a-n” [an] ki reprezante 2 grafèm.

Egzanp:

(32) « an » epi « àn » : Pan mi an tonbe, oto a an pàn ;

13.2. Aksan sou majiskil

Toujou mete aksan sou lèt majiskil, lè son an mande l.

Egzanp:

(33) Àn Katrin, KREYÒL,

14- Dispozisyon # 8:

Lang kreyòl la itilize tout senbòl entènasyonal ansanm ak tout lèt ki sòti nan lòt sistèm alfabetik ki sèvi nan domèn syantifik. Egzanp : δ (dèlta), λ (lanmda), C, Q, U, X, eks.

15- Dispozisyon #9 : Non diferan siy ponktyasyon

- . => pwen
- : => 2 pwen

- , => vigil
- ; => pwen vigil
- ? => pwen entèwogasyon
- ! => pwen esklamasyon
- « » => gimè
- () => parantèz
- ... => pwen sispansyon

16- Alfabè kreyòl la ak alfabè fonetik entènasyonal la

| | | | |
|--------|--------|---------|---------|
| a (a) | an (ã) | b (b) | ch (ç) |
| d (d) | e (e) | è (ε) | en (ē) |
| f (f) | g (g) | h (h) | i (i) |
| j (j) | k (k) | l (l) | m (m) |
| n (n) | ng (ŋ) | o (o) | ò (o) |
| on (õ) | ou (u) | oun (ũ) | p (p) |
| r (r) | s (s) | t (t) | ui (yi) |
| v (v) | w (w) | y (j) | z (z) |

ZUZU

17- Akòz karaktè enprimri ki nesèsè lè ou ap fè liv, lè ou vle voye mesaj sou òdinatè, sou machin daktilo (machin-akri), kreyòl la bije pa itilize sèten siy fonetik entènasyonal.

Kreyòl la mete :

| | |
|-----------------|------------------|
| ch nan plas (ç) | è nan plas (ε) |
| an nan plas (ã) | ò nan plas (o) |
| on nan plas (õ) | ui nan plas (yi) |
| en nan plas (ē) | j nan plas (j) |

18- Lèt **c**, **q**, **u**, **x** pa egziste nan kreyòl la.

19- « **ch** » nan kreyòl la

“**ch**” se yon sèl lèt kote de siy **c** + **h** kole pou bay yon lèt, pou reprezante son

Egzanp : chape, chat, cheve ...

20- **ui** ak **ou**

Nan alfabè kreyòl la ou jwenn senbòl (grafèm) **ui** ak senbòl (grafèm) **ou**, kote 2 lèt kole bay son an (fonèm) :

- swa **u** + **i** = **ui**.

egzanp : uit, luil, zuit;

- swa **o** + **u** = **ou**;

egzanp bout, fou, lou

21- **pan**, **pàn**, **van**, **vàn**

Nan alfabè kreyòl la, **a** kole ak **n** pou bay yon nouvo senbòl (grafèm) **an** ki bay son **ā**.

Egzanp : pan, van.

Men lè ou vle separe son “**a**” avèk son “**n**” nan, tankou ou ta mete yon tirè ant de lèt yo : « **a - n** », kreyòl la pito mete yon aksan fòs (˘) sou tèt **a** sila a.

Egzanp : Antwàn, bekàn, pàn, vàn.

22- **Ekriti alfabè kreyòl la**

Ekriti kreyòl la baze sou yon prensip marasa sa yo rele « **bi / inivo/site** » nan langaj espesyalis yo. Prensip marasa sila a se :

- yon sèl siy pou yon sèl son,

- epi toujou menm siy la pou menm son an.

Se yon ekriti ki sistematik, ki fasilite aprann li, ki pèmèt alfabetizasyon fèt anpil pi rapid. Ekriti sila a pwòch alfabè fonetik entènasyonal la (paj 27)

Gen 53 lang nan lemond ki gen ekriti yo pwòch alfabè fonetik entènasyonal la. Lang sa yo donk bay nenpòt moun

ki konn alfabè sila a, chans pou yo li fasilman nenpòt nan 53 lang sa yo. Lang sa yo ouvè sou lemond.

(Dapre Pradel Pompilus nan : Manuel d'initiation à l'étude du Créole, page 14; impression magique)

23- **Konstitisyon 1987 la**

Kreyòl ak franse a se lang ofisyèl Ayiti dapre konstitisyon 1987 la. Atik 5 manman lwa sila a di konsa:

“Kreyòl la se sèl lang ki simante tout Ayisyen ansanm. Kreyòl ak franse se lang ofisyèl peyi Ayiti.”

24- **Gramè kreyòl**

Gramè kreyòl la se gwoupman tout règ lang kreyòl la bay tèt li pou pèmèt moun byen kominike : kit lè y ap pale lang sila a, kit lè y ap ekri li.

Pale : se di sa ou panse gras ak son ki soti nan bouch ou.

Ekri : se di sa ou panse gras ak siy ki konpoze yon alfabè.

25- **Gramè kreyòl la diferan anpil avèk gramè franse, gramè espayòl, gramè angle.**

Se konsa n ap atire atansyon tousuit sou kèk pwen enpòtan anpil, anpil :

- **Tout mo kreyòl yo envaryab.**

- **Pa gen maskilen ouben feminen.**

- **Pa gen gwoup vèb.**

- **Pa gen konjigezon vèb.**

- **Atik yo plase dèyè mo yo.**

- **Yon menm mo gen dwa non pwòp ouben non komen, li gen dwa adjektif, li gen dwa vèb, li gen dwa advèb, eksetera.**

26- Espès mo

Dapre fonksyonman kreyòl la, nou ta gen dwa di se twa espès mo ki genyen :

1- non

2- vèb

3- makè

- Sepandan, akòz abitud ki genyen lè n ap etidye lòt lang tankou franse, angle, espanyòl, nou deside itilize menm apwòch lang sila yo. Olye 3 espès (non, vèb, makè) mo n ap di gen 9 espès mo : atik, non, adjektif, pwonon, vèb, advèb, prepozisyon, konjonksyon, entèjeksyon kifè gramè nou an vin prèske yon gramè konpare.

27- Fonksyon mo: sijè ak predika

27.1- Nan kreyòl tankou nan tout lang yon fraz gen 2 potò mitan ouben 2 bout kou nan yon baton, ouben 2 pòl. Nan langaj linguistik yo di fraz la gen 2 fonksyon prensipal. De potò mitan sa yo se sijè ak predika.

Sijè a se sou limenm moun ki ap pale a ap di kichòy.

Egzanp : Lekòl fòmè lajenès. Ayiti bèl.

Predika a se sa (kichòy sila a), moun ki ap pale a ap di sou sijè a.

Egzanp : Ayiti bèl. Lekòl fòmè lajenès.

27.2- Nou ka di gen 2 kalite predika.

- predika fòm vèbal

Jak ap kouri

- predika fòm non vèbal ki se yon predika make non vèbal ki nan konparezon ak gramè fransè a kapab swa:

- yon non (predika nominal)

Egzanp: Rene prezidan

- yon prepozisyon (predika prepozisyonel)

Egzanp: Nou tout bò tab la

- yon adjektif (predika adjektival)

Egzanp: Jak malad


Selon yon sèten konvansyon yo di predika a se “pilye” fraz la. Se vre si nou byen konprann se pa yon vèb ki pilye, men se swa predika fòm vèbal, swa predika fòm adjektival la, swa predika fòm nominal la eksetera.

28- Degi ouben konpleman pou tout fraz la

Gen yon fonksyon nou rele degi ouben konpleman. Gwoup mo sa yo make sijè a ouben predika a. Men Degi mo sa yo kapab make tout fraz la tou, kit sijè a, kit predika a.

Selon yon sèten konvansyon yo rele **deg** a Gwoup prepozisyon paske anpil fwa se yon prepozisyon ki entwodi li.

Ti pitit mwen yo ale Pòtoprens pou kanaval la.



“Nan Pòtoprens” se yon degi pou gwoup vèb la. Men: “Pou kanaval la” se yon degi pou tout fraz la. Li degi pou predika, li degi pou sijè a.

CHAPIT 2

Vokabilè kreyòl

- *Mo ki soti nan franse # 29 rive # 40*
- *Mo ki soti toupatou sou latè # 42 rive # 67*
- *Mo ki soti nan lang Tayno # 68 ak 70*

29- Vokabilè kreyòl

Lè ou gade ki enfliyans vokabilè lang anpil peyi sou latè gen youn sou lòt ou ta di latè a se yon ti lakou.

29.1- Pi plis mo kreyòl soti nan franse (n° 30 rive n° 41)

Kreyòl la gen anpil mo li pran nan franse. Pifò mo kreyòl nou itilize jodi a pou pale, pou ekri : yo soti nan franse.

Gen mo kreyòl la pran nan franse san li pa chanje okenn son ladan yo. Mo sa yo pwononse menmjan nan toulède lang yo. Sèlman ekriti a ki diferan.

Men pifò mo yo, kreyòl la pote transfòmasyon nan yo anvan li adopte yo.

29.2- Men anpil nan mo franse yo, franse a limenm te ale prete yo nan lòt lang. (n° 42 rive n° 70)

Se konsa anpil mo kreyòl menmsi ou kwè yo soti nan franse, reyèlman vre yo soti toupatou sou latè nan lòt lang.

29.3- Mo kole ak mo dekole

Gen yon tandans kole 2 mo, pafwa 3 mo kreyòl. Fòk gen tèt anplas pou byen konprann sa ki ap di pou ekri li byen. Reflechì anvan w ekri.

L ap pale (Li ap pale, donk pa ekri lap)

N ap pale (Nou ap pale. Nap = twal pou kouvri tab)

Kilès k ap ekri (ki ap ekri. Kap = sèvolan)

Jak t ap ekri (te ap ekri. Tap = yon kou)

M p ap (mwèn pa ap. Pap = Evèk Wòm)

Toutbon = san manti

Li manje tout bon tablèt yo.

Annale. An nou mache

Wè No 136, 139, 142, 224 rive 234 epi 250 ak 251.

MO KI SOT NAN FRANSE

30- Mo ki gen menm son nan franse tankou nan kreyòl.⁽¹⁾

Men yon lis avèk kèk mo sa yo :

Manje

| | | | |
|----------------|--------------------|----------------|--------------------|
| l'absinthe | <i>absent la</i> | l'orangeade | <i>oranjad la</i> |
| l'alcool | <i>alkòl la</i> | la papaye | <i>papay la</i> |
| le bifteck | <i>biftèk la</i> | le piment | <i>piman an</i> |
| le boudin | <i>bouden an</i> | la pintade | <i>pentad la</i> |
| le bouillon | <i>bouyon an</i> | la pistache | <i>pistach la</i> |
| le cacao | <i>kakawo a</i> | les pois | <i>pwa yo</i> |
| le café | <i>kafè a</i> | le poisson | <i>pwason an</i> |
| la carotte | <i>kawòt la</i> | le poivre | <i>pwav la</i> |
| le cassis | <i>kasis la</i> | la pomme | <i>pòm nan</i> |
| le chocolat | <i>chokola a</i> | le radis | <i>radi a</i> |
| le chou | <i>chou a</i> | le ragoût | <i>ragou a</i> |
| le citron | <i>sitron an</i> | le raisin | <i>rezen an</i> |
| le cresson | <i>kreson an</i> | la ratatouille | <i>ratatouy la</i> |
| la datte | <i>dat la</i> | la salade | <i>salad la</i> |
| la fraise | <i>frèz la</i> | la salaison | <i>salezon an</i> |
| le gâteau | <i>gato a</i> | le sandwich | <i>sandwich la</i> |
| le gigot | <i>jigo a</i> | la saucisse | <i>sisis la</i> |
| la glace (eau) | <i>glas la</i> | le saucisson | <i>sosison an</i> |
| la grappe | <i>grap la</i> | le saumon | <i>somon an</i> |
| la grillade | <i>griyad la</i> | le sirop | <i>siwo a</i> |
| le grog | <i>gwòg la</i> | le soda | <i>soda a</i> |
| le jambon | <i>janbon an</i> | la soupe | <i>soup la</i> |
| la limonade | <i>limonad la</i> | le thym | <i>ten an</i> |
| le liquide | <i>likid la</i> | la tisane | <i>tizàn nan</i> |
| le macaroni | <i>makawoni an</i> | la tomate | <i>tomat la</i> |
| le navet | <i>navè a</i> | la tripe | <i>trip la</i> |
| la noix | <i>nwa a</i> | le vinaigre | <i>vinèg la</i> |
| le whisky | <i>wiski a</i> | | |

(1): Yon lis dapre Pradel Pompilus nan Manuel d'Initiation à l'étude du créole.

Mèb

| | | | |
|------------|-----------------|---------------|----------------------|
| le bibelot | <i>biblo a</i> | le matelas | <i>matla a</i> |
| le canapé | <i>kanape a</i> | la planche | <i>planch la</i> |
| la chaise | <i>chèz la</i> | la radio | <i>radio a</i> |
| le divan | <i>divan an</i> | le rideau | <i>rido a</i> |
| la lampe | <i>lanp la</i> | le tapis | <i>tapi a</i> |
| le lavabo | <i>lavabo a</i> | la télévision | <i>televizyon an</i> |

Zannimo

| | | | |
|-------------|-------------------|-------------|-------------------|
| le bec | <i>bèk la</i> | la girafe | <i>jiraf la</i> |
| la bête | <i>bèt la</i> | la griffe | <i>grif la</i> |
| le caïman | <i>kayiman an</i> | le lapin | <i>lapen an</i> |
| le cochon | <i>kochon an</i> | le lion | <i>lyon an</i> |
| le coucou | <i>koukou a</i> | le mâle | <i>mal la</i> |
| le crabe | <i>krab la</i> | la mamelle | <i>manmèl la</i> |
| le crapaud | <i>krapo a</i> | la mouche | <i>mouch la</i> |
| la gazelle | <i>gazèl la</i> | le paon | <i>pan an</i> |
| la patte | <i>pat la</i> | le papillon | <i>papiyon an</i> |
| le poisson | <i>pwason an</i> | le saumon | <i>somon an</i> |
| le pou | <i>pou a</i> | le taureau | <i>towo a</i> |
| le poulain | <i>poulen an</i> | le thon | <i>ton an</i> |
| la poule | <i>poul la</i> | la vache | <i>vach la</i> |
| la pouliche | <i>poulich la</i> | le veau | <i>vo a</i> |

Kò moun

| | | | |
|--------------|--------------------|----------------|-----------------------|
| la bile | <i>bil la</i> | le palais | <i>palè a</i> |
| la bouche | <i>bouch la</i> | la peau | <i>po a</i> |
| le bras | <i>bra a</i> | le pied | <i>pye a</i> |
| le cou | <i>kou a</i> | le poing | <i>pwen an</i> |
| le coude | <i>koud la</i> | la poitrine | <i>pwatrin nan</i> |
| la dent | <i>dan an</i> | le pouce | <i>pous la</i> |
| le dos | <i>do a</i> | le rein | <i>ren an</i> |
| le genou | <i>jenou a</i> | la respiration | <i>respirasyon an</i> |
| la graisse | <i>grès la</i> | la salive | <i>saliv la</i> |
| la grimace | <i>grimas la</i> | le sang | <i>san an</i> |
| la jambe | <i>janm nan</i> | le talon | <i>talon an</i> |
| la langue | <i>lang nan</i> | la tempe | <i>tanp la</i> |
| le menton | <i>manton an</i> | la voix | <i>vwa a</i> |
| la moustache | <i>moustach la</i> | | |

Koulè

| | | | |
|--------|--------------|-------|-------------|
| blanc | <i>blan</i> | rose | <i>ròz</i> |
| marron | <i>mawon</i> | rouge | <i>wòch</i> |
| mauve | <i>mòv</i> | | |

Distraksyon

| | | | |
|----------------|-----------------------|-----------------|--------------------|
| le bal | <i>bal la</i> | le joueur | <i>fwè a</i> |
| le ballon | <i>balon an</i> | le lampion | <i>lanpyon an</i> |
| le bésigue | <i>bezig la</i> | la loterie | <i>lotri a</i> |
| la blague | <i>blag la</i> | la marelle | <i>marèl la</i> |
| le cadeau | <i>kado a</i> | la mascarade | <i>maskarad la</i> |
| le carreau | <i>kawo a</i> | le match | <i>match la</i> |
| la chanson | <i>chanson an</i> | le pantin | <i>panten an</i> |
| la cigarette | <i>sigarèt la</i> | le pique | <i>pik la</i> |
| le cinéma | <i>sinema a</i> | la plaisanterie | <i>plezantri a</i> |
| le couplet | <i>kouplè a</i> | le roi | <i>wa a</i> |
| le damier | <i>damye a</i> | la ronde | <i>wonn nan</i> |
| la danse | <i>dans la</i> | la roulette | <i>woulèt la</i> |
| la distraction | <i>distraksyon an</i> | la trompette | <i>twonpèt la</i> |
| le domino | <i>domino a</i> | le violon | <i>vyolon an</i> |
| la fête | <i>fèt la</i> | la visite | <i>vizit la</i> |
| le football | <i>foutbòl la</i> | | |

Lekòl

| | | | |
|----------------|-----------------------|------------------|------------------------|
| l'addition | <i>adisyon an</i> | la faute | <i>fot la</i> |
| le banc | <i>ban an</i> | l'image | <i>imaj la</i> |
| le cahier | <i>kaye a</i> | la loupe | <i>loup la</i> |
| le candidat | <i>kandida a</i> | le lycée | <i>lise a</i> |
| la cantine | <i>kantin nan</i> | l'opération | <i>operasyon an</i> |
| la composition | <i>konpozisyon an</i> | la page | <i>paj la</i> |
| la copie | <i>kopi a</i> | la phrase | <i>fraz la</i> |
| le crayon | <i>kreyon an</i> | la réponse | <i>repons la</i> |
| le dessin | <i>desen an</i> | la soustraction | <i>soustraksyon an</i> |
| le diplôme | <i>diplòm nan</i> | le tableau | <i>tablo a</i> |
| l'élève | <i>elèv la</i> | le taille-crayon | <i>taykreyon an</i> |
| l'étiquette | <i>etikèt la</i> | | |

Lafanmi

| | | | |
|------------|-------------------|---------------|--------------------|
| la bonne | <i>bòn nan</i> | le mari | <i>mari a</i> |
| le cousin | <i>kouzen an</i> | la demoiselle | <i>demwazèl la</i> |
| la cousine | <i>kouzin nan</i> | la nièce | <i>nyès la</i> |
| le fiancé | <i>fiyanse a</i> | la nourrice | <i>nouris la</i> |
| l'héritier | <i>eritye a</i> | le papa | <i>papa a</i> |

Kay

| | | | |
|----------------|---------------------|-------------|------------------|
| le balcon | <i>balkon an</i> | la piscine | <i>pisin nan</i> |
| le coin | <i>kwen an</i> | le plafond | <i>plafon an</i> |
| l'escalier | <i>eskalye a</i> | le plancher | <i>planche a</i> |
| les fondations | <i>fondasyon yo</i> | la rampe | <i>ranp la</i> |
| les latrines | <i>latrin yo</i> | le salon | <i>salon an</i> |
| la pièce | <i>pyès la</i> | la toilette | <i>twalèt la</i> |
| le pilier | <i>pilye a</i> | | |

Maladi ak lanmò

| | | | |
|----------------|--------------------|------------|-------------------|
| la colique | <i>kolik la</i> | le microbe | <i>mikwòb la</i> |
| la migraine | <i>migrèn nan</i> | l'épidémie | <i>epidemi an</i> |
| le poison | <i>pwazon an</i> | la folie | <i>foli a</i> |
| le testament | <i>testaman an</i> | la gaze | <i>gaz la</i> |
| la vaseline | <i>vazlin nan</i> | la grippe | <i>grip la</i> |
| la ventouse | <i>vantouz la</i> | la maladie | <i>maladi a</i> |
| le vomissement | <i>vomisman an</i> | | |

Menaj ak zouti

| | | | |
|--------------|-------------------|-----------|-----------------|
| la balance | <i>balans la</i> | le clou | <i>klou a</i> |
| la bobine | <i>bobin nan</i> | l'établi | <i>etabli a</i> |
| la boîte | <i>bwat la</i> | le fil | <i>fil la</i> |
| la bougie | <i>bouji a</i> | le lavabo | <i>lavabo a</i> |
| le boulon | <i>boulon an</i> | la lime | <i>lim nan</i> |
| la brosse | <i>bwòs la</i> | la pelle | <i>pèl la</i> |
| le cadenas | <i>kadna a</i> | le pic | <i>pik la</i> |
| la caisse | <i>kès la</i> | la pince | <i>pens la</i> |
| la chandelle | <i>chandèl la</i> | la pompe | <i>ponp la</i> |
| le chiffon | <i>chifon an</i> | le rabot | <i>rabo a</i> |
| la clef | <i>kle a</i> | le savon | <i>savon an</i> |
| la scie | <i>si a</i> | la vanne | <i>vàn nan</i> |
| la valve | <i>valv la</i> | la vis | <i>vis la</i> |

Materyo

| | | | |
|------------|------------------|--------------|-------------------|
| le mastic | <i>mastik la</i> | la brique | <i>brik la</i> |
| le nickel | <i>nikèl la</i> | le ciment | <i>siman an</i> |
| la paille | <i>pay la</i> | le cristal | <i>kristal la</i> |
| le papier | <i>papye a</i> | l'élastique | <i>elastik la</i> |
| le plomb | <i>plon an</i> | la ferraille | <i>feray la</i> |
| la rouille | <i>wouy la</i> | la ficelle | <i>fisèl la</i> |
| le zinc | <i>zenk la</i> | le goudron | <i>goudwon an</i> |
| le bois | <i>bwa a</i> | | |

Metye

| | | | |
|--------------|-------------------|---------------|----------------------|
| l'avocat | <i>avoka a</i> | le mécanicien | <i>mekanisyen an</i> |
| la bonne | <i>bòn nan</i> | le métier | <i>metye a</i> |
| le boucher | <i>bouche a</i> | l'ouvrier | <i>ouvriye a</i> |
| le boulanger | <i>boulanje a</i> | le patron | <i>patwon an</i> |
| l'employé | <i>anplwaye a</i> | le paysan | <i>peyizan an</i> |
| le maçon | <i>mason an</i> | le plombier | <i>plonbye a</i> |
| le marin | <i>maren an</i> | le préfet | <i>prefè a</i> |

Lanati

| | | | |
|------------|------------------|------------|------------------|
| le bambou | <i>banbou a</i> | la plante | <i>plant la</i> |
| la branche | <i>branch la</i> | la rose | <i>wòz la</i> |
| la brise | <i>briz la</i> | la saison | <i>sezon an</i> |
| le ciel | <i>syèl la</i> | le soleil | <i>solèy la</i> |
| la grotte | <i>gwòt la</i> | la tempête | <i>tanpèt la</i> |
| le jasmin | <i>jasmèn an</i> | le temps | <i>tan an</i> |
| le jonc | <i>jon an</i> | le terrain | <i>teren an</i> |
| les lilas | <i>lila yo</i> | le vent | <i>van an</i> |
| le palmier | <i>palmye a</i> | | |

Kenkay / Veso-vesèl

| | | | |
|--------------|-------------------|--------------|-------------------|
| l'assiette | <i>asyèt la</i> | la faïence | <i>fayans la</i> |
| le bocal | <i>bokal la</i> | le gaz | <i>gaz la</i> |
| le bol | <i>bòl la</i> | la louche | <i>louch la</i> |
| le bouchon | <i>bouchon an</i> | la nappe | <i>nap la</i> |
| la bouteille | <i>boutèy la</i> | le pilon | <i>pilon an</i> |
| laalebasse | <i>kalbas la</i> | le réchaud | <i>recho a</i> |
| la carafe | <i>karaf la</i> | la soucoupe | <i>soukoup la</i> |
| le couteau | <i>kouto a</i> | la tasse | <i>tas la</i> |
| l'évier | <i>evye a</i> | la vaisselle | <i>vesèl la</i> |

Relijyon

| | | | |
|---------------|--------------------|-----------------|---------------------|
| le baptême | <i>batèm nan</i> | la Pâques | <i>Pak la</i> |
| le carême | <i>karèm nan</i> | le Pape | <i>Pap la</i> |
| le catholique | <i>katolik la</i> | le paradis | <i>paradi a</i> |
| le chapelet | <i>chaplè a</i> | le péché | <i>peche a</i> |
| la chapelle | <i>chapèl la</i> | la quête | <i>kèt la</i> |
| le chrétien | <i>kreyen an</i> | le sacré | <i>sakre a</i> |
| la cloche | <i>klòch la</i> | le sacrifice | <i>sakrifis la</i> |
| le clocher | <i>kloche a</i> | le sacristain | <i>sakristen an</i> |
| la conscience | <i>konsyans la</i> | le saint | <i>sen an</i> |
| la crèche | <i>krèch la</i> | le Saint Esprit | <i>Sentespri a</i> |
| la croix | <i>kwa a</i> | la soutane | <i>soutàn nan</i> |
| le fétiche | <i>fetich la</i> | le temple | <i>tanp la</i> |
| l'oraison | <i>orezon an</i> | la Toussaint | <i>Latousen an</i> |

Rad

| | | | |
|-------------|--------------------|-----------------|------------------|
| la bague | <i>bag la</i> | la casquette | <i>kaskèt la</i> |
| le bas | <i>ba a</i> | le châle | <i>chal la</i> |
| le bijou | <i>bijou a</i> | le chapeau | <i>chapo a</i> |
| la blouse | <i>blouz la</i> | les chaussettes | <i>chosèt yo</i> |
| la botte | <i>bòt la</i> | la coiffe | <i>kwaf la</i> |
| le bracelet | <i>braslè a</i> | le col | <i>kòl la</i> |
| la broche | <i>bwòch la</i> | le collier | <i>kolye a</i> |
| le bouton | <i>bouton an</i> | le coton | <i>koton an</i> |
| le caleçon | <i>kalson an</i> | le crêpe | <i>krèp la</i> |
| le caraco | <i>karako a</i> | la dentelle | <i>dantèl la</i> |
| la casaque | <i>kazak la</i> | le gant | <i>gan an</i> |
| la jaquette | <i>jakèt la</i> | le pyjama | <i>pijama a</i> |
| le kimono | <i>kimono a</i> | le sac | <i>sak la</i> |
| le maillot | <i>mayo a</i> | la sandale | <i>sandal la</i> |
| la manche | <i>manch la</i> | le satin | <i>saten an</i> |
| le manteau | <i>manto a</i> | la soie | <i>swa a</i> |
| la médaille | <i>meday la</i> | le soulier | <i>soulye a</i> |
| le nylon | <i>naylonn nan</i> | le tablier | <i>tabliye a</i> |
| le pantalon | <i>pantalon an</i> | la toile | <i>twal la</i> |
| la poche | <i>pòch la</i> | la tresse | <i>très la</i> |
| le polo | <i>polo a</i> | le tricot | <i>triko a</i> |

Lavil

| | | | |
|------------------|---------------------|-----------------|----------------------|
| l'auto | <i>oto a</i> | le magasin | <i>magazen an</i> |
| l'avion | <i>avyon an</i> | la moto | <i>moto a</i> |
| la banque | <i>bank la</i> | la motocyclette | <i>motosiklèt la</i> |
| le bateau | <i>bato a</i> | le palais | <i>palè a</i> |
| la blanchisserie | <i>blanchisri a</i> | la pension | <i>pansyon an</i> |
| la boucherie | <i>bouchri a</i> | le pont | <i>pon an</i> |
| le camion | <i>kamyon an</i> | le télégramme | <i>telegram nan</i> |
| la camionnette | <i>kamyonèt la</i> | le téléphone | <i>telefòn nan</i> |
| la capitale | <i>kapital la</i> | le poteau | <i>poto a</i> |
| le chantier | <i>chantye a</i> | la rigole | <i>rigòl la</i> |
| l'épicerie | <i>episri a</i> | la ville | <i>vil la</i> |
| l'impasse | <i>enpas la</i> | la vitrine | <i>vitrin nan</i> |

31.- Mo franse modifiye kote kreyòl la wete vwayèl ki te nan kòmansman mo franse a :

| | | | |
|------------|-----------------|-------------|----------------|
| acajou | <i>kajou</i> | affreter | <i>frete</i> |
| arriver | <i>rive</i> | avalér | <i>vale</i> |
| habitation | <i>bitasyon</i> | imperméable | <i>pèmeyab</i> |

32- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la chanje lèt "h" nan kòmansman mo a swa pou "r" swa pou "w".

| | | | |
|--------|--------------|-----------|----------------|
| haïr | <i>rayi</i> | hanche | <i>ranch</i> |
| hâcher | <i>rache</i> | haper | <i>rape</i> |
| héler | <i>rele</i> | haller | <i>rale</i> |
| hennir | <i>ranni</i> | hardiesse | <i>radiyès</i> |
| harde | <i>rad</i> | honte | <i>wont</i> |
| haut | <i>wo</i> | houe | <i>wou</i> |

33- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la, nan kòmansman yon mo franse, vin aksantye sou son « s » la pou fè li pwononse « es » :

| | | | |
|--------|---------------|----------|-----------------|
| statue | <i>estati</i> | scandale | <i>eskandal</i> |
| stade | <i>estad</i> | spécial | <i>espesyal</i> |
| stop | <i>estòp</i> | scout | <i>eskout</i> |
| sport | <i>espò</i> | station | <i>estasyon</i> |

34.- Fizyon :

Mo kreyòl la pran 2 mo franse epi li kole yo pou fè yon sèl mo. Fizyon sa yo fèt anpil fwa avèk atik franse a ouben avèk pwonon posesif franse.

Fizyon sa yo parèt nòmal pou kreyolofòn nan, paske pa gen ni atik, ni pwonon ki plase devan yon mo nan kreyòl la. Ki donk kreyolofòn nan te tandè atik la ouben pwonon an kòm kole ak mo a, kòm toulède pou yon sèl mo. Atik la ouben pwonon an parèt kòm premye pati mo a, kòm pati entegran mo a (zo kraze nan bouyon)

34.1- Fizyon ak atik defini franse a :

| | | | |
|-----------|---------|------------|------------|
| l'année | lane | la fièvre | lafyè |
| l'école | lekòl | la mort | lanmò |
| l'église | legliz | la mer | lanmè |
| l'hôpital | lopital | l'acharité | l'acharite |
| la chaux | lacho | la prière | lapriyè |
| la colle | lakòl | la messe | lamès |
| la lune | lalin | la parole | lapawòl |
| de l'eau | dlo | du feu | dife |
| du riz | diri | du vin | diven |

34.2- Fizyon ak pwonon posesif :

| | | | |
|-----------|---------|----------|--------|
| mon oncle | monnonk | ma tante | matant |
|-----------|---------|----------|--------|

34.3- Fizyon (lezyon) ak yon pati atik pliryèl franse a :

| | | | |
|-------------|--------|--------------|--------|
| les yeux | zye | les os | zo |
| les œufs | ze | les amis | zanmi |
| les oignons | zonyon | les affaires | zafè |
| les avocats | zaboka | les oranges | zoranj |

34.4- Fizyon ak atik endefini franse a :

| | | | |
|----------|------|-------------|--------|
| une âme | nanm | une échelle | nechèl |
| un homme | nonm | | |

35- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la ranplase « u » avèk « i » :

| | | | |
|---------|--------|-----------|----------|
| calcul | kalkil | ceinturon | sentiwon |
| la lune | lalin | autobus | otobis |
| cuvette | kivèt | bultin | bilten |
| tulip | tilip | but | bi |
| lalue | lali | Juliette | Jilyèt |
| Hubert | Ibè | du vin | diven |
| du riz | diri | | |

36- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la ranplase « eur » (œr) avèk è (E) :

| | | | |
|---------|-------|---------|-------|
| beurre | bè | chaleur | chalè |
| docteur | doktè | sœur | sè |

37- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la ranplase « eu » () avèk e (e) :

| | | | |
|---------|-------|------|-----|
| sérieux | serye | bleu | ble |
| vieux | vye | | |

38- Mo franse ki modifiye avèk nazalizasyon yon son (ki soti nan nen) kreyòl la ajoute :

| | | | |
|--------|---------|----------|----------|
| canal | kannal | canne | kann |
| canari | kannari | camarade | kanmarad |
| janbe | janm | | |

39- Mo franse ki modifiye kote kreyòl la fè « r » la disparèt nan fen yon silab, menm lè silab la nan mitan ouben nan fen yon mo :

| | | | |
|-----------|-------|---------|--------|
| cœur | kè | tambour | tanbou |
| peur | pè | lourd | lou |
| père | pè | porte | pòt |
| l'honneur | lonè | cigare | sig |
| douleur | doulè | certain | sèten |
| finir | fini | partir | pati |

40- Mo franse ki modifye kote kreyòl la fè yon silab franse disparèt nan fen mo a :

tre-re

| | | | |
|----------|--------------|-------|------------|
| Octobre | <i>Oktòb</i> | sucre | <i>sik</i> |
| ministre | <i>minis</i> | | |

rd-re

| | | | |
|------|-----------|------|-----------|
| bord | <i>bò</i> | fort | <i>fò</i> |
|------|-----------|------|-----------|

te

| | | | |
|----------|--------------|------------|-----------------|
| baptiste | <i>batis</i> | catéchiste | <i>catechis</i> |
|----------|--------------|------------|-----------------|

me

| | | | |
|------------|----------------|------------|----------------|
| rhumatisme | <i>rimatis</i> | communisme | <i>kominis</i> |
|------------|----------------|------------|----------------|

le

| | | | |
|---------|--------------|---------|--------------|
| table | <i>tab</i> | sable | <i>sab</i> |
| capable | <i>kapab</i> | miracle | <i>mirak</i> |

ble

| | | | |
|----------|---------------|--|--|
| ensemble | <i>ansanm</i> | | |
|----------|---------------|--|--|

bre

| | | | |
|---------|--------------|-----------|----------------|
| sombre | <i>sonm</i> | décembre | <i>desanm</i> |
| chambre | <i>chanm</i> | gingembre | <i>jenjanm</i> |
| timbre | <i>tenm</i> | membre | <i>manm</i> |

be

| | | | |
|-------|-------------|-------|-------------|
| tombe | <i>tonm</i> | bombe | <i>bonm</i> |
| jambe | <i>janm</i> | | |

41- Mo franse ki modifye kote lè franse a gen « ase » « ose » « age » nan fen yon mo kreyòl la menm li chanje final sila yo pou « ay » ouben « ôy » :

| | | | |
|---------|--------------|-------|---------------|
| bagage | <i>bagay</i> | case | <i>kay</i> |
| pillage | <i>piyay</i> | chose | <i>kichòy</i> |

MO KI SOTI TOUPATOU

42- Mo kreyòl ki soti nan diferan lang sou latè:

Mo sila yo kreyòl la te gen dwa al chache yo nan franse a, ki limenm te deja ale chache yo nan lòt lang.

43- Mo orijin afriken :

chenpanze – makak – vodou – bannann – yanm

44- Mo orijin Japon :

jido – jidoka – karate – goya – kimono

45- Mo orijin End :

jenjanm – chanpou

46- Mo orijin Malezi :

banbou – jon – woten –

47- Mo orijin Polinezy :

tabou – tatwe

48- Mo orijin chinwa :

tifon – ketchòp

49- Mo orijin ejipsyen :

chimi – farawon – ebèn

50- Mo orijin ansyen eskandinav :

bidon – dal – flannen – grafiyen – oma – make – regrete – vag (lanmè)

51- Mo orijin jèmanik ansyen

agraf – balkon – ban – bann – blan (koulè) – ble (koulè) – blese – bwa – bòt – bouke (flè) – bretèl – bren (koulè) – bwode – chaloup – chanpyon – danse – espyon – falèz – fotèy – flèch – frape – fwote – gan – gason – gato – gazon – gri (koulè) – grimas – gèp – kanif – kranp – krapo – krich – lougawou – mason – ratibwaze – rayi – reyon – rich – sal – savon – swanye – swen – soup – tonbe – twoup – twoupo – wòb – wozo

52- Mo orijin espayòl

anbago - bagas - bolewo - bourik - bouske - endigo - kafeterya - kamarad - kago - konpliman - manchèt - melas - mons - moustik - milat - nèg - palab - palmis - parad - plase - rejim - siga - syès - tònad - vaniy

53- Mo orijin angle

ajitatè - aliminyòm - anestezi - antibiyotik - antrene - badj - ba - baskèbòl - bato - bebe - blakawout - blòf - bòl - bway - brek - bilding - bildozè - biznis - biznismann - kamera - kameramann - chatè - chèk - dilè - dekode - deyodoran - depatman - derive - detekte - detektiv - devalyasyon - disko - dispanse - dijital - diskalifye - djaz - djip - djòb - emisyon - ekzibisyon - ekspòtasyon - eksprès - enkonstitisyonèl - enflasyon - ensilin - eskout - espikè - flach - fòklò - foutbòl - fotografi - frizè - galon - gang - gazòy - gòl - gwòg - jiri - kewozèn - kidnaping - kidnapè - klip - kloun - klib - köktèl - komite - konpetitif - konpyoutè - konfò - krèm glase - lejislatif - makadanm - majorèt - majorite - malfòmasyon - malnitrisyon - manadjè - maketing - match - minorite - miksaj - miting - mantalite - ofisyèl - o.k. - ofsèt - onorab - otès - palman - penalize - penisilin - pikòp - plantasyon - plantè - politisyen - polisyon - pòpkòn - popilè - pòtab - postè - revolvè - sanatoryòm - sandwich - seleksyon - senyò - s.o.s. - sipèmache - sipèvizè - soudevlope - siklòn - slip - tenis - toupi - touris - trak - vazlin - vèdik - videyo - vitamin - volebòl - wikenn - wonm.

54- Mo orijin alman

akòdeyon - albòm - alèji - amonika - aspirin - ansèkle - bivwak - dola - ekoloji - estann - estatistik - ewoyin (dwòg) - katèl - kravat - kepi - krak (dwòg) - leseni - nouy - poutch - reskiyè - trenke

55- Mo orijin italyen

analfabèt - apatman - atake - bagèt - balon - bandi - bank - bonb - boukan - bousòl - bravo - bwokoli - bilten - choufè - debandad - debarase - desen - degrade - douch - elèv - enpòtan - enpwovize - enganm - entrig - eskonte - estidyò - estwopye - fasad - fayit - graden - gwòt - izole - jalouzi - kabine - kadans - kalson - kamoufle -

kanon - kantin - kapon - karese - kanaval - kapèt - katon - katouch - kaskad - kontrebann - koridò - kòtèj - kostim - kousi-kousa - kous - lanpyon - likid - makawoni - mayestwo - majòdòm - malarya - manke - maskarad - mèch - meday - milyon - modèl - mozayik - moustach - nimewo - pantalon - parad - pafen - patizan - pedal - pedan - pilòt - piston - pidza - plaj - polis - pomad - ponp - popilas - ras - reprezay - revolte - riposte - salon - sosison - soukoup - sitadèl - triyo - tribin - trafik - vyolon - vila - vedèt

56- Mo ki soti nan lang pèsan

baza - karavan - dwan - echèk - kaki - kyòs - lozanj - maj - paradi - pèch - pèsyèn - pistach - pijama - pitimi - tabourè - tafta (twal) - tanbou - tas - tig - tenbal - tilip - zepina

57- Mo ki soti nan lang arab

aljèb - alkòl - almanak - aticho - asasen - chif - divan - fanal - goudwon - gita - jakèt - ja - jip - jiraf - kafe - karaf - kara - koton - mafya - magazen - makrame - masakre - mase - matla - siwo - tabak - valiz - zabriko - zewo

58- Mo orijin sanskri

anilin - diri - obèjin - kanf - limonad - miskad - pwav - ponnch - sik - zoranj

59- Mo orijin ebre

alelouya - amèn - anj - eskandal - jibile - kabal - kalvè - mago - mesi - nat - sak - samdi - satan - zizani

60- Mo orijin pòtigè

albinos - anbarase - fetich - karamèl - karavèl - kòk - kòmando - kreyòl - pentad

61- Mo orijin neyèlandè

bag - bèg - byè - blòk - blokis - bòt - boulanje - boulva - brik - degrengole - demare - dròg - ekran - flibistye - flote - grave - gode - krab - lotri - mènken - makiye - panplemous - pakè - pik - pòmdeèt - robo - radote - rigòl - riban - vilbreken

MO KI SOT NAN AMERIK LATIN

62- Mo orijin Perou :

kawotchou - koka - gwano - kinin

63- Mo orijin Meksik :

zaboka - kakawo - chokola - ariko - sizal - tomat

64- Mo orijin Brezil :

akajou - anana - boukan - kajou - manyòk - pyan - tapyoka

65- Mo orijin arawak :

amak - babekyou - kasik - kannòt - kayiman - kanibal - gwayak - mayi - mawon (fijitif) - ouragan - papay - patat - panama - savann

66- Non yon mak vini non izyèl

Fòmika - frijidè - naylonn - latèks - pleksiglas - eskòtchtep - klaksonn - jilèt - kodak - kanntè

67- Sig ki vin bay non izyèl

Delco : Dayton Engineering Laboratories Company
(Delco)

F.M. : Frequency Modulation

K.O. : Knock-out

S.O.S. : Save Our Soul

MO TAYNO

68- Mo ki se non pwòp ouben non komen, ekse-
tera, kreyòl la pran nan lang tayno a :

| <i>kreyòl</i> | <i>tayno</i> | <i>kreyòl</i> | <i>tayno</i> |
|----------------|--------------|------------------|------------------|
| Ayiti | Ayti | karakòl (zigzak) | karakòl |
| Atibonit | Artibonito | mabi | mabi |
| Gonayiv | Gonayibo | singo | singo (fatig) |
| Ench | Hinchey | bayakou | bayakou (zetwal) |
| Sanba | Samba | kannòt | kanoa |
| Tibiwon | | kannik | kanika |
| Okay | Akaya | kachimbo (pip) | kachimbo |
| kabich | kasav | amak | hamakoa |
| kabicha (dòmi) | kabicha | zege (mens) | zege |
| | | ouragan | hourakan |

69- Mo ki se non bèt, zannimo, bestyòl, kreyòl la
pran nan lang tayno a:

| <i>kreyòl</i> | <i>tayno</i> |
|---------------|--------------|
| aganman | agama |
| zandolit | anoliya |
| moustik | bigay |
| karapat | karapat |
| kolibri | kolobri |
| koukouy | koukouy |
| kongolo | gangolo |
| lanbi | lanbi |
| mabouya | mabouya |
| sirik | sirika |
| kayiman | akayouman |

70- Mo ki se non manje, kreyòl la pran nan lang tayno a :

| <i>kreyòl</i> | <i>tayno</i> |
|---------------|--------------|
| asowosi | asowosi |
| zaboka | avoka |
| gwayav | gouyab |
| kenèp | kenèp |
| kayimit | kayimit |
| kowosòl | kowosòl |
| malanga | malanga |
| manyòk | maniot |
| mayi | mayis, maiz |
| papay | papaya |
| pistach | pistach |
| patat | batata |
| tomat | tomat |
| tepimanbo | topinanbouka |
| sesin | sesina |
| babekyou | babako |
| boukan | boukan |
| kasav | kasab |

CHAPIT 3

Espès mo

- Makè kantite # 71 rive # 82
- Non # 83 rive # 92
- Adjektif # 93 rive # 106
- Vèb # 107 rive # 136
- Pwonon # 137 rive # 147
- Advèb # 148 rive # 156
- Prepozisyon # 157
- Entèjeksyon # 158
- Konjonksyon # 159 rive # 162

MAKÈ KANTITE

71- Makè kantite (Atik yo)

Sa nou rele "Atik" la nan kreyòl, reyèlman vre se yon mo "makè" ki aksepte bay yon lòt mo mak sengilye (yon sèl grenn) ouben mak pliryèl (plizyè, yon kantite).

Kidonk, atik kreyòl la se yon **makè** kreyòl la mete deyè yon mo pou di si se yon grenn ki genyen ouben si se plizyè ki genyen.

Gen 6 kalite atik/**makè** nan kreyòl la.

Gen 5 makè pou sengilye : « a » « la » « lan » « an » « nan »

Gen 1 makè pou pliryèl : « yo » *Egz: Kay yo. Liv yo.*

| Atik makè | suiv mo ki tèmine | Egzanp | Kèk varyant |
|-----------|---|---|---|
| la | avèk konsòn p, b, t, d, k, g, f, v | taptap la, pòt la, goud la, sak la, règ la, raf la, kasav la | tab lan, pòt lan |
| la | avèk vwayèl "w" ouben "y" | bagay la, batay la, lakataw la, kay la | |
| a | avèk vwayèl a, i, e, a, o, ou | ba a, diri a, ble a, tè a, vodou a, oto a | lapli ya, lakou wa (se yon lyezon nou di, men yo pa ekri li), jenou wan, mi yan |
| an | avèk vwayèl nazal "en", "on", "an" | pen an, salon an, diven an, men an, kamyon an, ban an, manman an | nou konn tande chen yan, pen yan. Se yon lyezon nou di, men yo pa ekri li. |
| nan | avèk konsòn nazal m, n, ng | kabann nan, jenn nan, machann nan, lapenn nan, madanm nan, senglendeng nan. | |
| nan | avèk yon sèmi vwayèl ki vin apre yon konsòn nazal | peny nan, chany nan. | peny la, chany la |

72- Tablo atik sengilye yo

Makè ou atik sengilye kreyòl la chanje fòm pou fè yon mizik pi bèl nan pale a. Se yon makè kantite avèk yon ti diplis mizikal.

ba a; kay la, kreyon an; jenn nan; chat ou a.

N.B : **Makè** sengilye a, atik sengilye kreyòl la pa make ni jan feminen ni jan maskilen. Sa pa ekziste nan kreyòl la, kesyon jan feminen, jan maskilen.

73- "Yon": Makè sengilye

Yon kay, yon kamyon, yon fi, yon gason.

- "Yon" : se enkidatè ki fè diferans ant sengilye (yon grenn = 1) epi pliryèl (2, 3, 4).

- "Yon" se fòm tokay youn ouben en (1). Yon kay vle di se youn, se pa 2 ni 3.

- "Yon" byen defini kantite a.

74- Kèk, de-twa, anpil, de

Kèk kay, de-twa kamyon, anpil fi, gen de moun, gen de kote

Makè kèk, de-twa, anpil, de, endike yon kantite vag ki pa defini, yon kantite ki pa presize kouwè 5 kay, 3 kamyon, 6 fi, 9 moun.

Nou jwenn ankò kèk **makè** vag pou bay kantite : « yon chay », « yon dibita », « yon kantite ».

N.B. Eleman "de" a nan ekspresyon pa ta nesèsè nan kreyòl la. Men se yon abitud pale franse ki vin prèske enpoze li. Paske kreyòl la ki renmen senplisite ta pito di: "gen moun" olye "gen de moun"; "gen kote" olye "gen de kote".

75- Ti gout, ti kras, ti moso, ti tak

Ban m ti gout dlo / Ban m ti kras manje

Ban m ti moso pen / Ban m ti tak kola

Ti gout, ti kras, ti moso, ti tak se yon seri makè ki endike se pa anpil. Nou gen dwa di makè sa yo ase vag, yo pa presize kantite a.

76- Makè pou bay kantite (nonb ouben nonm)

| | | | | | |
|----------------|----|----------|----|--------------|-----------|
| en (yon, youn) | 1 | sèz | 16 | tranteyen | 31 |
| de | 2 | disèt | 17 | karant | 40 |
| twa | 3 | dizuit | 18 | karanteyen | 41 |
| kat | 4 | diznèf | 19 | senkant | 50 |
| senk | 5 | ven | 20 | senkanteyen | 51 |
| sis | 6 | venteyen | 21 | swasant | 60 |
| sèt | 7 | vennde | 22 | swasanteyen | 61 |
| uit | 8 | venntwa | 23 | swasanndis | 70 |
| nèf | 9 | vennkak | 24 | swasanteyonz | 71 |
| dis | 10 | vennsenk | 25 | swasanndouz | 72 |
| onz | 11 | vennsis | 26 | katreven | 80 |
| douz | 12 | vennsèt | 27 | katrevendis | 90 |
| trèz | 13 | venntuit | 28 | san | 100 |
| katòz | 14 | ventnèf | 29 | mil | 1 000 |
| kenz | 15 | trant | 30 | milyon | 1 000 000 |

Remak #1

Sou biyè goud nou yo, nou jwenn BRH ekri konsa:

- *desansenkant*: yon sèl mo

- *senksan* : yon sèl mo

Remak #2

Gen moun ki ta renmen yo ekri konsa pito:

- *de san senkant* : 3 mo

- *senk san* : 2 mo

Men petèt li ta pi bon pou nou gen libète ekri youn ouben lòt. Lizaj va deside pi devan.

77- Makè pou bay lè

Pou bay lè ou sèvi ak 24 premye **makè** kantite yo plis yon tèminezon.

Men yon tablo pou ede di ki lè li ye.

Tablo sila a pa pale sou kesyon minit epi segonn.

li inè, li dezè, li twazè, li katrè, li senkè, li sizè, li setè, li uitè, li nevè, li dizè eksetera.

| | | | | | | | |
|-------------------------|----------------------|----------------|--------|-----------------|------------------|---------------------------------------|------------------|
| nonm avèk chif → | 1, 21 | 2, 3 22, 23 | 4/24 | 5,7,8 | 6, 10 | 11, 12 13, 14, 15, 16 | 9, 19 |
| nonm avèk lèt → | en tounen "in" | de twa | kat | senk sèt uit | sis, dis | onz douz trèz katòz kenz sèz | nèf diznèf |
| lye zon → | | + z | + r | | s tounen z | | f tounen V |
| tèmi-nezon → | + è | + è | + è | + è | + è | è | + è |
| eg-zanp → | inè | dezè twazè | katrè | uitè | sizè | onzè | nevè diznevè |

78- Tablo makè pou bay laj

ennan, dezan, twazan, katran, senkan, sizan, setan, uitan, nevan, dizan, onzan ...

| | | | | | | | |
|-------------------------|--------------------------------|-----------------|--------------|----------------------|-----------------|-----------------|------------------------------|
| nonm avèk chif → | 1, 21 | 2, 3 | 4, 24, 34 | 5, 7, 8 | 6, 10 | 9, 19... | 11, 12, 13, 14, 15, 16 |
| nonm ak lèt → | en ven- teyen | de, twa ekst | kat | senk, sèt, uit | sis dis | nèf | onz douz |
| lye zon → | /// | + z | + r | /// | s tou- nen z | f tou- nen v | /// |
| tèmi-nezon → | + nan | + an | + an | + an | + an | + an | + an |
| eg-zanp → | ennan ven- teyen- nan | dezan twazan | katran | setan | sizan | nevan | onzan sèzan |

79- Makè nan mezi twal

Se menmjan nou di: inòn twal, dezòn, dizòn, diznèvòn twal eksetera.

80-Makè pou plas

Se yon **makè** ki di apre konbyen kantite yon objè kèlkonk vin jwenn plas li

Egzanp: Jak premye / dezyèm ri a

Men kèk **makè** pou plas.

premye - dezyèm - twazyèm - katriyèm - senkyèm - sizyèm - setyèm - uityèm - nevyèm - dizyèm - onzyèm - douzyèm - venteyinyèm - venndezyèm - venntwazyèm - trantiyèm - karantiyèm - senkantiyèm - swasantiyèm - swasanteyinyèm - swasanteyonzyèm - katreventiyèm - katrevendizyèm - katrevenonzyèm - santiyèm - santeyinyèm - milyèm.

81- Tablo pou fòme makè ki bay plas

| | | | | | | | | |
|------------------------|-----------------------|-------------|---------------|--------------------|-----------------|-----------------|---------------------|------------------------------|
| 1 → | 21, 31 41 | 2, 3 | 4 | 5, 7, 8 | 9, 19 | 6, 10 | 11, 12 13 | 20, 100 |
| en → | ven- teyen | de twa | kat | senk sèt uit | nèf | sis, dis | onz douz trèz | // |
| X → | en = in | + z | + ri | /// | f tou- nen v | s tou- nen z | /// | + t |
| X → | + yèm | + yèm | + yèm | + yèm | + yèm | + yèm | + yèm | + yèm |
| en pre- mye → | ven- teyi- nyèm | de- zyèm | katri- yèm | se- tyèm | ne- vyèm | si- zyèm | on- zyèm | ven- tyèm san- tyèm |

82- Premye - Dènye

Pou make plas ki fini an, ki fèmen yo di dènye.

- Premye pou kòmanse

- Dènye pou fini

NON

83- Kisa Non ye

Nou batize non yon mo ki pèmèt nou endike yon moun, yon bèt, yon objè kèlkonk ouben yon reyalite.

Kristòf, papa, madanm, tifi : se yon seri mo ki endike moun;

chen, chat, sourit, pwason : se yon seri mo ki endike bèt;

tab, chèz, wout, pyebwa : se yon seri mo ki endike objè;

lafwa, kouraj, entelijans, onètete : se yon seri mo ki endike reyalite.

Gen non pwòp ak non komen.

84- Non pwòp

- Gen non pwòp pou

moun: Desalin, Petyon, Kristòf ;

vil, peyi: Okap, Okay, Kanada ;

bèt: Medò, Milou ;

objè: kamyon Kris kapab, bato Fyète Gonavyèn, mache Kwa Bosal, bilding Ekzagòn ;

asosyasyon, enstitisyon : Bank Nasyonal, INICEF, Edisyon Kopivit-Laksyon Sosyal.

Nan kòmansman yon non pwòp nou dwe mete yon lèt majiskil.

85- Non komen pou moun:

- fi, gason, pitit, granpè, pè, pwofesè, pastè, chofè

86- Non komen pou bèt:

poul, chen, chat

87- Non komen pou objè kèlkonk:

- chèz, plim, kreyon, lari, kay, lalin, solèy

88- Non komen pou reyalite:

- lapè, lajistis, zanmitay, maladi

89- Nan lang kreyòl pa gen ni feminen, ni maskilen. Ki-donk, nan lang kreyòl, yo pa ka fè yon non vin feminen ouben maskilen. Gen mo ki egziste pou yon diferans sèks mal ak sèks femèl. Se yon abitud pale franse ki fè gen moun ki anvi di: senatèz, vandèz, chofèz. Se abi sou lang kreyòl la. Se detounen gramè lang kreyòl la, se yon fot grav. Si nou kite franse a anvayi lang kreyòl la, li va rive yon jou pou nou di: doktèz, pwofesèz, depitèz, direktèz, posyèz, jounalisèz. Nou wè jan sa ta dwòl anpil.

90- Gason / Fi- Kèk mo ki gen yon fòm pou fi, yon fòm pou gason:

| Gason | Fi | Gason | Fi |
|---------|--------|----------|--------|
| bòpè | bèlmè | misye | madanm |
| monchè | machè | monkonpè | makomè |
| chè frè | chè sè | gason | fi |
| nonm | fanm | kouzen | kouzin |
| neve | nyès | granpè | granmè |
| nonk | tant | lepè | lamè |
| parenn | marenn | frè | sè |

91- Mal / Femèl (zannimo): Kèk mo avèk yon fòm pou mal, yon fòm pou femèl:

| Mal | Femèl | Mal | Femèl |
|------------|---------------|--------|-------|
| makou | manman chat | kòk | poul |
| towo | manman bèf | vo | gazèl |
| bouk | manman kabrit | koure | tiri |
| mal bourik | femèl bourik | etalon | jiman |

92- N.B. Pa kite gramè franse a detenn sou gramè kreyòl la. Lè ou reflechi byen nou pa te dwe di direktis, enspektris, oditris. Mo sa yo: direktis, enspektris, oditris, pa nan lojik gramè kreyòl, yon lojik tout moun egal. Nou ta dwe di pou fi kou gason: direktè, enspektè, oditè.

flè sila a : se yon sèl flè.

flè sila yo: se plizyè flè.

**99- Adjektif endefini / makè kantite (wè # 74):
kèk, plizyè, tout, anpil, chak.**

Adjektif sila yo endike gen yon kèlkonk kantite : pa gen presizyon.

M achte kèk liv / Li gen plizyè kay / Tout bèt jennen mòde

**N.B. Nou pa ta bezwen rele yo adjektif. Men sèlman
“makè kantite” (wè # 74).**

100- Konparatif

Adjektif konparatif yo pèmèt nou fè konparezon ant 2 moun, 2 zannimo, 2 bagay kèlkonk.

101- Konparatif egalego

kochon sa a gwo menmjan ak yon vo.

jènfi a bèl kouwè Choukoun.

Se mo sa yo : menmjan, kouwè, tankou, kon, kou ki pèmèt nou fè konparezon egalego a.

102- Konparatif siperyorite

Pi bèl pase lakansyèl.

Pi fò pase yon bèf.

Pa pi gran pase Michèl.

Pi ... pase / Pa pi ... pase : se de fòm pou make konparezon siperyorite.

103- Konparatif enferyorite

Konparatif enferyorite a vle montre gen yon sijè ki gen mwens kalite pase yon sanblab li. Egzanp:

Jak mwen rich pase Jòj.

Jak gen mwens kòb.

Li gen mwens kòb pase Jòj.

Pou fòm konparatif enferyorite kreyòl la itilize:

mwen ... pase

mwens ...

mwens ... pase

Pou fòm konparatif enferyorite a kreyòl la gen dwa itilize kontrè konparatif siperyorite a. Egzanp:

Jòj pi rich pase Jak / Jak pi pòv pase Jòj.

Anfen kreyòl la gen dwa itilize fòm:

pa (negatif) + adjektif + tankou

Egz: Jak pa dezòd tankou Pòl.

104- Sipèlatif relatif

se + sijè + ki pi + adjektif:

Se li ki pi rich

sijè + pi + adjektif + pase tout + non:

Li pi rich pase tout moun.

sijè + se pi + adjektif + ki genyen

Li se pi bon gason ki genyen

105- Sipèlatif absoli :

Sipèlatif absoli a vle mete yon pakèt ensistans sou kalite yo vle montre a.

Li bon bon gason.

Li bon gason anpil.

Li bon gason anpil anpil.

Pou fòm sipèlatif absoli yo repete adjektif la kouwè “li bon bon “ouben yo ajoute yon makè kouwè “anpil”. Yo ka repete anpil la kouwè “anpil anpil”.

106- Tablo konparatif

| Pozitif | bon gason |
|------------------------------|--------------------------------|
| konparatif enferyorite | li mwen bon gason pase frè li |
| konparatif egalite | li bon gason tankou frè li |
| konparatif siperyorite | li pi bon gason pase tout moun |
| konparatif sipèlatif relatif | Se li ki pi bon gason |
| konparatif absoli | li bon bon gason |
| konparatif sipèlatif absoli | li bon gason anpil |

| | Pozitif | bon gason |
|-------------------|-------------|--|
| konparatif | enferyorite | li mwen bon gason pase frè li |
| | egalite | li bon gason tankou frè li |
| | siperyorite | li pi bon gason pase tout moun |
| sipèlatif | relatif | se li ki pi bon gason |
| | absoli | li bon bon gason li bon gason anpil |

VÈB

107- Vèb: Kisa li ye?

Yon vèb se yon mo ki esplike nan ki eta yon moun, yon objè (yon bagay) yon èt vivan ye; ouben se yon mo ki esplike yon aksyon ki ap fèt. Menm mo sa ki vèb kapab nan yon lòt fraz te jwe wòl non ouben te makè kalite (adjektif)

108- Enpòtans vèb yo

Yon vèb se yon mo ki pi souvan jwe wòl yon poto mitan nan yon fraz. Men anpil fwa kapab gen fraz san yon vèb. (wè # 171-3)

109- Vèb la envaryab kouwè tout mo kreyòl

Sa vle di nou pa dwe akòz abitud franse, angle, espayòl, laten eks, konprann gen konjizezon nan kreyòl la. Nan lang kreyòl pa gen konjizezon posib.

Nan kreyòl la pa gen gwoup vèb. Pa gen ni premye, ni dezyèm, ni twazyèm gwoup. Sa se nòmal paske pa gen konjizezon. Ki fè nou pa bezwen modèl pou nou ta konjizezon yon vèb kreyòl.

Pa gen gwoup. Vèb yo gen tout kalite tèminezon

Yon vèb kreyòl gen tout kalite son nan tèminezon li (nan fen li).

Jàn travay / Manman chita / Papa bwè / Pitit la sye / Li fèt

Anpil vèb gen tèminezon sila yo: e, ye, en, i, ann, wa.

Egzanp:

*e - bale ye - taye en - finen
i - fini ann - pann wa - resevwa*

110- Dinamik nan fè vèb

| | non | adjektif | advèb |
|-------------------|-----------------------------|---------------------------------|----------------------------------|
| | m gen yon <u>moulen</u> | moulen an <u>foul</u> kann | li <u>pito</u> manje kann kreyòl |
| tounen vèb | mwen <u>moulen</u> kann nan | mwen <u>foul</u> moulen an kann | mwen <u>pito</u> kann kreyòl |

Kreyòl la gen yon dinamik nan fè vèb.

- Li kapab pran yon non pou fè li sèvi vèb.

Egzanp : mwen moulen kann nan.

- Li kapab pran yon adjektif pou fè li sèvi vèb.

Egzanp : Mwen fowl moulen an kann.

- Li kapab pran yon advèb pou fè li sèvi vèb.

Egzanp : Mwen pito kann kreyòl.

111- Se / Ye vèb la envaryab

Bay se bay, prete se prete.

Vwazinaj se fanmi.

Kisa li ye? kilès li ye?

Ki kalite moun li ye?

- Vèb "Se" ak vèb "Ye" gen jan yo sèvi antre yo

1° Lè **Se** pèmèt poze kesyon, ou sèvi ak **Ye** pou reponn.

Ki moun ou ye? Se ki moun ou ye?

Yon pwofesè mwen ye. / Se yon pwofesè mwen ye.

Kijan ou ye? M byen.

2° Ou sèvi ak se pou kore ouben pou entwodi **ye**.

112- Fòm long ak fòm kout

Anpil vèb gen yon fòm long epi yon fòm kout. Se yon varyant mo a. Se yon sinonim ouben yon fòm abreje.

N.B. Ou pa jwenn fòm abreje a nan fen yon fraz:

Jan pral vin / Jan pral vini / Jan al / Jan ale.

| fòm long | fòm kout | fòm long | fòm kout |
|----------|----------|----------|----------|
| rete | ret | vini | vin |
| ale | al | genyen | gen |
| prale | pral | konnen | konn |
| fini | fin | bay | ba |

113- Fèt ak Fè

"Fè" se pa abrevyasyon fèt. "Fè" se yon predika vèb. "Fè" esplike yon aksyon. Egzanp:

M ap fè devwa a.

Men "fèt" esplike yon eta. Egzanp:

Travay la fèt. Devwa m nan fèt.

N ap remake: fè bren, fè cho, fè nwa, fè frèt, fè klè, fè jou.

N ap note predika a pa gen sijè. Gen yon aksyon ouben yon eta: bren; gen yon aksyon: chalè, yon aksyon fredri eksetera.

114- Endikatè vèb yo

Gen mo ki plase devan vèb yo pou make, pou endike :

- swa yon aspè,

- swa tan anvan, swa pandan, swa tan apre.

Mo sa yo nou rele yo « mak vèb »

115- Mak pou aspè

(Endikatè aspè) : Mak (endikatè) sila yo esplike kouman aksyon an ap dewoule.

116- Aspè avèk fin / fini

M fin pale / M fini devwa a.

Mo **fin** ak mo **fini** endike yon aksyon ki fini nèt.

117- Aspè avèk Fèk / Sòt / annik

a) Makè (endikatè) sòt endike yon aksyon ki deja fini.

b) Makè (endikatè) fèk endike yon aksyon ki apenn fini.

ch) Gen fwa yo anlwaye toulede makè sila yo pou ensiste se kounye an bagay la fini.

d) annik endike se kounye an aksyon an fini epi lamenn yon lòt pral kòmanse.

Egzanp a) M sòt manje : m fin manje gen yon moman.

b) M fèk pale : m fin pale yon ti moman anvan.

c) M fèk sòt manje.

d) M annik leve, msye sispann pale.

118- Aspè avèk Vle

Lapli a vle vini.

Makè "**Vle**" endike yon aksyon ki kapab pral rive, yon aksyon gen lè pra l rive.

119- Aspè avèk Resi

M resi konprann vèb kreyòl yo.

Makè **Resi** endike yon aksyon ki finalman jwenn reyali- zasyon li.

120- Aspè avèk Mèt

Ou mèt dòmi.

Makè **mèt** endike yon pèmisyon ki bay.

121- Aspè avèk Kòmanse / Tanmen

Makè **Kòmanse / Tanmen** endike yon aksyon ouben yon eta ki nan kòmansman li.

Egzanp : M kòmanse konprann gramè kreyòl la.

M tanmen etidye gramè kreyòl la.

122- Endikatè tan :

Se kèk mo ki plase devan vèb la pou di si aksyon an / eta a te pase deja ouben si aksyon an / eta a gen pou rive nan yon epòk pi devan ouben si se kounye an.

Makè sa yo se: te, pral, a, va, ava, ta, ap, ape.

123- Tan avèk mak endikatè « te »

« **te** » mete ak vèb la pou li endike yon aksyon, yon eta ki deja pase

te + vèb = yon aksyon, yon eta ki deja fèt

Egz: M te rankontre yo / Li te achte yon gramè kreyòl / li te malad.

124- mwen

ou

li

nou

nou

yo

te

+

vini

125- Tan avèk mak endikatè « pral »

Pral + vèb make yon aksyon yon eta ki gen pou fèt.

Egz: M pral dòmi.

126- m

ou

li

nou

nou

yo

pral

+

pale

127- Tan avèk mak endikatè a / va / ava

sijè + **a** + vèb = fiti / sijè + **va** + vèb = fiti

sijè + **ava** + vèb = fiti

Yo souvan mete "va" ouben "ava" nan plas makè "a"

m a pale = m ava pale / m va pale.

128- Tan avèk mak endikatè ta (te + a = ta)

Ta endike yon aksyon yon eta ki kapab rive, men kapab gen kontraryete. *Egzanp:*

M ta ale nan fèt la sou plas la men gen foul ...

| | | |
|--------|---|--------|
| 129- m | } | ta |
| ou | | + |
| li | | chante |
| nou | | |
| nou | | |
| yo | | |

130- Tan avèk ap

Mak (endikatè) sila a **ap** endike aksyon an, oubyen eta a nan wout, li poko reyalize nèt, ouben li poko fini.

- M ap aprann kreyòl : m kòmanse, m poko fini aprann.
ouben : M gen lide aprann kreyòl.

M **ap** pale = m pran lapawòl, m poko fini pale.

131- Tan avèk ape / pe

se yon lòt fòm, yon sinonim pou ap.

M ape achte yon gramè kreyòl.

m pe pale.

“**Ape**” plis itilize nan Nò peyi a.

“**Pe**” plis itilize nan Sid peyi a.

132- Endikatè : tonbe, mete, pran, rive

Gen yon seri vèb-makè ki vin devan yon lòt vèb pou en-
siste sou aksyon dezyèm vèb sila a: tonbe, mete, pran, rive.

Nou tonbe bwè dlo kokoye.

Li mete jwe mizik / Li pete kouri / Li pran rele.

Nou rive bat ekip foutbòl la.

Li peze desann lavil.

133- Redoubleman

Kreyòl la itilize anpil redoubleman, sètadi repetisyon yon
vèb, pou ensiste sou aksyon an.

Egz.: Nan pale pale lè a deja rive.

134- Fòm pwonominal

Kreyòl la gen dwa itilize yon sijè ki fè aksyon sou limenm.
Fòm sa a rele fòm pwonominal.

Egz.: Timoun yo amize yo byen. / Nou mete nou dakò. /

Li antann li ak frè li.

Men plisouvan kreyòl la itilize “kò” ouben “tèt” pou fòm
pwonominal la.

Egz.: Li fè tèt li mal / Yo blese tèt yo. / Rale kò ou la!

135- Pa

Makè “**Pa**” endike yon aksyon, yon eta ki anile, ki rejete.

Egz.: Li pa vini / Jak pa malad.

136- Pako

Makè “**Pako**” endike yon aksyon, yon eta ki pa rive fini,
ki pa rive reyalize nan moman pawòl la ap pale a.

Egz.: Jak pa ko vini.

Jak pa ko leve.

N.B. 1- Plas “pako” ouben “pa...ko”

Makè sila a pran plas devan predika a.

Egz.: M pako travay.

M pako manje.

Men li separe tèt li fè 2 bout: **pa** yon bò, **ko** yon lòt bò pou
mete yon lòt makè vèbal nan mitan yo.

Egzanp: M pa te ko vini.

Jak pa te ko grangou.

N.B. 2- Kapab pran lòt fòm kouwè “poko” “ponko” ak de mo yo ki vin kole.

PWONON

137- Endikatè pwonon: Kisa li ye?

Yon pwonon se yon mo ki ranplase yon non, yon gwoup non.

Egzanp : Pyè ale lekòl / Li aprann byen.

« Li » se yon pwonon ki ranplase Pyè

138- Pwonon pèsòn yo

Pwonon pèsòn yo se yon seri pwonon ki ranplase moun ki ap pale a, moun yo adrese lapawòl la, moun yo di kichòy sou li.

| | fòm long | abre-je / kout | Egzanp fraz | |
|---|----------|----------------|---------------------------------------|--|
| 1 | mwen | m | mwen renmen kreyòl | mwen ranplase moun k ap pale a |
| 2 | ou | w | ou dwe aprann kreyòl | ou se moun mwen adrese lapawòl la |
| 3 | li | l | li vle aprann kreyòl | li se moun mwen ap pale a |
| 4 | nou | n | nou renmen kreyòl | nou mwen ak lòt |
| 5 | nou | n | nou dwe mete men nan fè renmen kreyòl | moun yo ki anfas mwen ap pale ak yo |
| 6 | yo | y | yo dwe aprann kreyòl | yo moun yo di kichòy sou yo |

139- Pwonon pèsòn ranfòse

Kreyòl la se yon lang ki renmen ensiste. Egzanp:

Kilès ki fè sa? Se mwen.

Kilès ki fè sa? Se mwenmenm (pou ensiste)

Ak pwonon pèsòn ranfòse a li rive repete pwonon an.
Egzanp:

Oumenm, ou dwe mete kò ou piti.

Pwonon pèsòn ranfòse yo se:

mwenmenm - oumenm - limenm - noumenm - yomenm.

N.B: Yo kapab ekri tou mwen menm, ou menm, li menm, nou menm, yo menm. Men nou konseye ekri mo yo kole.

140- Pwonon posesif

Kreyòl la gen yon pwonon posesif lè pwonon pèsòn yo vin make yon vivan, yon objè kèlkonk pou endike vivan sa a, objè sa a se byen li.

141-Tablo pwonon posesif

| vivan ouben objè | pwonon pèsòn nan | atik objè a vivan an | Egzanp fraz |
|------------------|------------------|----------------------|-------------|
| chen | m | nan | chen m nan |
| chen | m | yo | chen m yo |
| kay | mwen | an | kay mwen an |
| kay | mwen | yo | kay mwen yo |
| boutik | ou | a | boutik ou a |
| chèz | li | a | chèz li a |
| kaye | li | a | kaye li a |
| kay | ou | an | kay ou an |
| liv | nou | yo | liv nou yo |
| peyi | nou | an | peyi nou an |
| liv | nou | yo | liv nou yo |
| fwèt | yo | a | fwèt yo a |
| fwèt | yo | an * | fwèt yo an |

* ta gen yon tandans "pou fwèt yo an" (yo an) make yon fòm pliryèl

142- Pwonon posesif ranfòse

| Pwonon posesif | pafwa ak atik la | Pwonon posesif | pafwa ak atik la |
|----------------|------------------|----------------|------------------|
| pa m | nan | pa li | yo |
| pa mwen | an | pa n | nan |
| pa mwen | yo | pa nou | an |
| pa ou | a, la | pa nou | yo |
| pa ou | yo | pa n | yo |
| pa l | la | pa yo | a |
| pa li | a | pa yo | an |

Lè nou mete "pa" avèk yon pwonon posesif, (pa devan pwonon sa a) li vin yon pwonon posesif ranfòse. Olye nou di "chen mwen an" nou gen dwa di "chen pa mwen an". Pou pwonon sa yo, nou kwè li ta bon pou nou mete yon trèdinyon ant de pati ki fòme mo yo, kòm yon mo konpoze: pa-m, pa-nou, pa-ou, pa-yo, pa-li, pa-n, pa-l.

143- Pwonon demonstratif

Sa se vre / Sa a se vre / Nou kwè nan sa / Yo renmen sila yo

Seri mo sa yo ranplase yon lòt yo te deja site pandan l ap lonje dwèt sou mo sa a li ranplase a.

| | | | |
|-----------------|-------|---------|--------|
| sengilye | sa | sa a | sila a |
| pliryèl | sa yo | sila yo | |

144- Pwonon relatif: ki

Se Ayisyen ki pou fè Ayiti.

Sa ki nan kè yanm kouto sèl ki konnen li.

Nan pwen cho ki pa mande frèt.

Kreyòl la sèvi ak yon sèl pwonon "ki" pou ranplase swa yon non, swa yon fraz ouben yon bout fraz. Nou kapab rele pwonon "ki" pwonon relatif (ki gen rapò ak yon lòt).

145- Pwonon entèwogatif

Sa nou di? / Kisa nou vle? / Kiyès ki pale?

| | | | |
|---------------|-------------------|------------|---------|
| Sa? | Kisa? / kisa-k? | Poukilès? | Kimoun? |
| Kilès, kiyès? | Kilès-k, kiyès-k? | Pou kimoun | |

Jan nou wè li se yon seri pwonon ki pèmèt poze kesyon.

146- Pwonon endefini


Anyen pa fasil nan lavi. / Entèl se mètdam.

Yon pwonon endefini se yon mo ki pou montre moun, vivan, kichòy yon jan, yon fason vag ki pa presize.

Pwonon sa yo ranplase yon non nan yon fraz kesyon, lè li vini nan tèt fraz la.

| | | | |
|--------|-------|----------|---------|
| anyen | anpil | chak | enpe |
| entèl | kèk | lezòt yo | toulède |
| lòt | youn | nennpòt | okenn |
| pèsonn | pyès | tout | yon lòt |

147- Pwonon endefini konpoze



Pwonon endefini "chak, tout, pyès, okenn, nennpòt" mete ak "moun" ouben ak "bagay" pou fòme yon pwonon endefini konpoze. Egz:

Chak bagay nan plas li tanpri. / **Tout moun** vole gagè. /

Kèk moun rete lakay. / Pa kite **pyès bagay** nan kay la.

M pa vle wè okenn bagay nan lakou a tou.

Nennpòt moun mèt vin enspekte kay la ak lakou a.

ADVÈB

148- Advèb: Kisa li ye?

Yon advèb se yon mo ki plase bò kote yon lòt avèk wòl pou **make** sans mo sa a, sètadi pou pote yon sèten prezizyon ouben yon ti varyant. Yon advèb se yon **makè**.

Gen plizyè kalite advèb :

- advèb ki make manyè, tan, lye;
- advèb ki make kantite, negasyon;
- advèb entèwogasyon;
- advèb ki make opinyon, jijman;
- advèb ki make lyezon.

149- Advèb manyè

Advèb manyè bay yon espikasyon sou kijan, sou ki fason bagay la ye ouben bagay la ap fèt.

byen - mal - konsa - vit - kouman - kijan - kòman - dousman - òdinèman - kareman - espesyalman - senpleman eksetera...

Dinamik kreyòl la pèmèt li fabrike advèb manyè ak anpil mo (ki se makè).

Egzanp: *li pale lèd, li mache degrenngòch, li mache poze.*

Jeneralman, yon advèb manyè vini nan fen fraz la ouben apre vèb la.

Sepandan byen ak mal se 2 advèb manyè ki vini anvan vèb la, lè vèb la pa gen lòt konpleman.

Egzanp: *Li byen konnen/ Li mal fèt.*

150- Advèb ki detèmine lye

Advèb ki detèmine lye bay yon endikasyon nan espas la, nan alantou eksetera...

anba - atè - anlè - bò - anndan - devan - anro, anwo - deyè - deyò - lwen - isi, isit - nan mitan - kote - pre - la, laba - toupatou - ladan - toutotou - kole - lòt bò - toukole - bò lòt bò.

151- Advèb ki detèmine tan

Advèb ki detèmine tan bay yon endikasyon sou moman an.

ayè - lè konsa - atò konsa - dikdantan - touswit - koulye a - alèkile - kounye a - alò - atò - lè - ankò - souvan - davans - toujou - demen - toujou - jodi a - toutalè - pa janm - toutan.

152- Advèb ki make kantite

Advèb ki detèmine kantite bay yon lide pou mezire konbyen, ki valè eksetera:

anpil - pi plis - antyèman - piti - ase - sèlman - enpe - tou - konplètman - mwens - trè - nan mwaye - twòp - yon sèl fwa.

Kreyòl la gen yon dinamik pou kreye advèb kantite.

Egzanp: *Li bon menm. Li frekan kontkò l. Li ban mwen lajan an-chikèt. Kout baton fè penpan. Li mande milyon. Ti bebe a pale nèt. Koutpwen fè mikalaw.*

153- Advèb ki make negasyon / afimasyon / dout

Advèb ki detèmine negasyon, afimasyon, dout vin existe sou yon negasyon, yon afimasyon oubyen vin mennen yon kesyon nan ezitasyon:

| Advèb | | |
|-----------|--------------|-------|
| afimasyon | negasyon | dout |
| Wi | Janm | Petèt |
| Kanmenm | Non | |
| Menwi | Pa | |
| Vrèman | Anyen | |
| | Pa ... anyen | |
| | Pa ... ankò | |

154- Advèb entèwogasyon

Advèb entèwogasyon yo entwodui yon fraz kesyon: kibò - kikote - kijan - kòman - kilè - konbyen - kouman

155- Advèb ki make opinyon / jijman

pwobableman, dapre, anverite, sètènman, selon, toutbon

156- Advèb lyezon

Advèb lyezon yo mare yon lide ak yon lòt ki ap suiv:
epi – se konsa – konsa – ansuit

PREPOZISYON

157- Prepozisyon: Kisa li ye?

Yon prepozisyon se yon **makè** ki rakòde yon mo pou kole li avèk yon premye mo pou di 2 mo yo gen rapò antre yo.

a – ak, avèk – an – anba – anfas – an travè – ant – anwo – anvan – bò – depi – dèyè – eksepte – gras a – jis, jouk – kay – kont – kote – lakay – lòtbò – malgre – men – pre – sòf – sou – toutotou – vizavi – pou – nan – nan mitan – pa – pa bò isit – pami

Gen plizyè kalite rapò yon prepozisyon gen dwa make :

- lye : *m pral nan mache;*
- tan : *m rive anvan midi;*
- posesyon : *kay sa a se pou mwen;*
- orijin : *li soti lòtbò Jakmèl;*
- manyè : *li pale avèk fòs;*
- kòz : *li aji sou presyon;*
- bi : *li travay pou lajan.*

157.1- “Nan”

Prepozisyon “Nan” gen anpil sans diferan:

nan = andedan. Ekz: *M pral nan kay la; zwazo a nan kalòj la.*

nan = lanmitan. Ekz: *Oto a pase nan rivyè a.*

nan = pami. Ekz: *Nan tout jwè sa yo, se li ki pi bon.*

nan = ki di nan ki moman. Ekz: *L ap soti lopital nan de jou.*

nan = ki di ki kote ou ye. Ekz: *Elèv yo nan lakou a.*

nan = ki di kote ou prale. Ekz: *M pral nan lanmè.*

nan = ki di ki kote ou soti. Ekz: *M soti nan dlo.*

157.2- “Pou”

Prepozisyon “Pou” gen anpil sans diferan:

Pou = yon direksyon. Ekz: *Li pati pou Okay.*

Pou = yon ranplasman / echanj. Ekz: *Li bay 3 kodenn pou yon kochon.*

Pou = dire/ tan. Ekz: *Li pati pou 3 jou.*

Pou = ki di yon fonksyon. Ekz: *Yon sizo pou koupe fè.*

Pou = ki endike yon posesyon. Ekz: *Kay sa a se pou mwen.*

Pou = ki di yon evalyasyon. Ekz: *Li pran mwen pou nèg sòt.*

Pou = nan plas yon lòt. Ekz: *Salye li pou mwen.*

Pou = ki di yon bi. Ekz: *Li jwe pou amize li.*

Pou = ki di konbat. Ekz: *Yon remèd pou malarya.*

Pou = ki di lakoz, rezon an. Ekz: *Tanpri, fè sa pou mwen.*

157.3- “Ak, avèk”

Prepozisyon sila yo sèvi anpil pou di lide ajoute, men yo gen anpil lòt sans:

Ak, avèk = endike yon reyinyon. Ekz: *Rene ak Rita. M ap lapriyè ak zanmi mwen yo.*

Ak, avèk = endike itilizasyon. Ekz: *Kore machin nan ak yon wòch.*

Ak, avèk = endike zouti ou sèvi a. Ekz: *M konn sèvi ak òdinatè.*

Ak, avèk = endike sa ki lakoz tèl bagay. Ekz: *M soufri ak yon tèt fè mal.*

Ak, avèk = vin sinonim “pou” lè ou bay youn pou lòt. Ekz: *M twoke pa mwen an ak pa pitit ou a.*

157.4- "An" prepozisyon

Nou kapab di **an** se yon makè prepozisyon lè li pou kont li devan yon mo pou make: swa yon eta, swa ki matyè, swa kijan moun nan oubyen bagay la ye.

Ekzanp: *an bwa, an fè, an siman, an debandad, an denmon, an degraba, an dèy, an ranyon.*

Men, menm **an** sila a vin yon eleman prefiks lè li kole ak yon mo dirèkteman oubyen avèk yon trèdinyon.

| An: Prepozisyon | An: Prefiks avèk yon trèdinyon | An: Prefiks san trèdinyon |
|-----------------|--------------------------------|---------------------------|
| an bwa | an-bwa | anbwa |
| an fè | an-fè | anfè |
| an dezòd | an-dezòd | andezòd |
| an dyable | an-dyable | andyable |
| an jwèt | an-jwèt | anjwèt |

Se lizaj ki va decide, ki va detèmine kilès fòm ki pi bon pou kominike.

N.B.: 1- *An-Ayiti, Annayiti, an Ayiti.* Kèlkeswa jan ou ekri ekspresyon sa a, li pa mache twò kòdyòm ak gramè kreyòl la. Sèke nan kreyòl la se pa fasil ou jwenn yon prepozisyon pou make yon lye, yon destinasyon.

Kreyòl la di: *M pral Kiba,
M sòti Jakmèl,
Li pati Miyami.*

Kidonk pa gen prepozisyon pou make lye a oubyen destinasyon an. Menm jan nou pa fèt pou nou di

An Ayiti gen bèl plaj.

Tou senpleman: *Ayiti gen bèl plaj.*

Ale wè # 235.3; 235.4; 235.5

N.B.: 2- *Yon kay tòl, yon kay bwa.* Pafwa kreyòl la pa bezwen "an" prepozisyon an ouben "an" prefiks la,

Yon chapo pay, yon chapo lenn.

Yon ba lenn, yon chosèt koton.

157.5- *Istwa Dayiti oubyen Istwa Ayiti* *Peyi Dayiti oubyen Peyi Ayiti*

Nou kwè **D** a ki devan Ayiti soti nan defòmasyon pale, kopye franse. **D** a ki se yon prepozisyon franse vin detenn sou kreyòl la, li tèlman detenn fò, Dayiti ta vin yon lòt non pwòp pou Ayiti. Pouki pou nou di *Istwa Dayiti*, alòske li senp pou di *Istwa Ayiti*.

Ale wè # 235.6.

157.6- Prepozisyon "a" ouben prefiks "a"

Si nou vle respekte lojik ki gen nan gramè kreyòl la (menmjan nou te wè li nan nimewo 34 ak nan nimewo 250), nou ta dwe kole sa ki te prepozisyon franse a avèk chak mo, yon jan pou nou gen yon sèl mo. Konsa "a" vin tounen yon prefiks (kolòn A). Men gen moun ki pran "a" kòm yon makè/prepozisyon (kolòn B).

| Kolòn A "a" se yon prefiks | | Kolòn B "a" se yon prepozisyon | |
|-------------------------------|----------|-----------------------------------|-----------|
| akilè | alanaj | a kilè | a lanaj |
| alwès | ademen | a lwès | a demen |
| alès | apita | a lès | a pita |
| akisa | atoutalè | a kisa | a toutalè |
| agoch | akatrè | a goch | a katrè |
| adwat | amidi | a dwat | a midi |
| alanvè | aswè | a lanvè | a swè |
| alandwat | | a landwat | |
| alakanpay (andeyò) | | a lakanpay | |
| abapri (bon mache) | | a bapri | |

157.7- Prepozisyon "a" nan pale moun nan Nò.

Ekzanp: *Men liv a Rene a.*

Nan fraz la "a" se yon makè (yon prepozisyon) ki di liv la se pou Rene li ye. Nou jwenn "a" sila a nan pale moun nan nò peyi a.

ENTÈJEKSYON

158- Entèjeksyon: Kisa li ye?

Se yon mo ki make yon rèl, ki **make** yon soupi, yon emosyon.

Lis entèjeksyon yo:

- **ankourajman**: ale, kouraj, ole.
- **degoutans, movesan, kontraryete**: anmwe, tonè, alat-raka, se pa jwèt, ayayay.
- **doulè, lapenn, men nan tèt, rèl**: ay, woy, podyab, adye, Bondye papa, anmwe.
- **kontak ak zanmi**: psit, He, Hein, chiit, Alo.
- **lajwa, kontantman**: bravo, 10 sou 10, anfòm, ayibobo, olala, ole.
- **sezisman**: kòbaba, kòmanman, wifout, adye, koulangèt, ey, mezanmi, wipip
- **sipliye, priye**: gras, pitye, tanpri, ase.
- **soulajman**: anfen, ouf.

Nou kapab di se pou nou fè 2 gwoup entèjeksyon.

- 1- Sila yo ki eksprime yon santiman, yon emosyon, yon lòd.

Timtim! bwachèch!

Krik! Krak!

- 2- Sila yo ki se onomatope sètadi ki kopye yon bwi

Pa pale: chiiiiit!

Tanbou a frape: boum, boum

Kokolo sou kokolo! (zago chwal sou wòch).

KONJONKSYON

159- Konjonksyon: Kisa li ye?

Se yon **makè** ki fè lyezon ant 2 mo, ant 2 gwoup mo.

Gen 2 kalite konjonksyon:

- Konjonksyon ki rakòde 2 mo ouben 2 gwoup mo ki gen menm wòl y ap jwe nan fraz la: yo rele yo konjonksyon kowòdinasyon.
- Konjonksyon ki make depandans youn genyen anvè lòt la: yo rele yo konjonksyon sibòdinasyon.

160- Konjonksyon kowòdinasyon

Konjonksyon kowòdinasyon fè lyezon ant 2 gwoup mo ki jwe menm fonksyon.

ak, avèk – okontrè – e – osinon – donk – oubyen – epi – men, ni ... ni, konsa, poutètsa.

N.B.: osinon = altènatif

epi / konsa / poutètsa = konsekans

men = opozisyon

*Egz.: Nou bezwen kreyon **ak** plim.*

*Nou pral jwe **epi** nou va repoze.*

*Nou pral sinema **oubyen** nan teyat.*

*N ap diskite **men** nou p ap babye.*

161- Konjonksyon sibòdinasyon

Konjonksyon sibòdinasyon relye 2 gwoup fraz ki depann youn ak lòt.

afòs – menm – akòz – pandan – amwenske – pase, pase pou – apre – paske – anvan, avan – pou – depi – poutèt sa – donk – sou, si – jan – kòm – jan ... konsa – kòm si – jouk – kou, kon – sòf si – olye, sizoka – tankou – depi – osinon – apèn – lè, lò – depi – malgre – depi.

*Egz.: - Mwen pa vle manje **paske** mwen gen vant fè mal.*

*- M pral lekòl **amwens** ta vin gen lapli.*

162- Pliske - Apenn - Depi - Pandan - Lè

Se yon seri konjonksyon nou gen dwa klase kòm konjonksyon kowòdinasyon.

Piske lapli tonbe pyebwa ap pouse.

Apenn li pale tout moun konprann.

Depi ou pale tout moun ap konprann.

Pandan tou lapli a lavalas ap desann kraze brize.

Lè moun andevann lèt kaye kase tèt ou.

N.B. Apenn *ke* / depi *ke* / pandan *ke*

Atansyon ou pa di "ke" ...

Ou ta di ke lapli pral tonbe.

Apenn ke ou leve ... / Depi ke ou pale ...

Pandan ke tout lapli ...

Ke sa a pa kreyòl ditou, se yon ke franse.

CHAPIT 4

- Fraz # 163 rive # 171

- Analiz yon fraz # 172 rive # 181

- Estil : efè espesyal # 182 rive # 189

- Estil dirèk ak endirèk # 190 rive # 194

- Nivo estil # 195 rive # 207